ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ХЕКIУАТЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№235 (21.393) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 6, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къурмэн махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен цIыхуэм

Зэрызахуигъазэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цIэкIэ, си щхьэкIэ сэ къызбгъэдэкIыу республикэм ис муслъымэн псоми Къурмэн махуэ лъапIэмкIэ сохъуху.

Къурмэн махуэм ирихьэлIэу хьэжыщI кIуахэм я фарзыр зэфIагъэкI, ар щыхьэт тохъуэ ислъам диныр кьабзагъэм, щIыхуГъэм, гущIэгъуэм зэрытещIыхьам. Шэч кьытесхьэркьым республикэм муслъымэн исыр ислъамым и хабзэ нэхъыфIхэм зегъэужьыным, лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуныгъэр, зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным, ахэр зэгъунэгъуфIу зэдэпсэуным дяпэкI, зэрытелжьэнымI.

Нобэрей махуэм ирихьэлIэу муслъымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сынывохъуэхъу зэныбжьэгъугъэр быдэ, мамырыгъэ, ефIакIуэныгъэ фIиIэну, фи гугъапIэ нэхъ лъапIэ дыдэхэмрэ фи пльапIэхэмрэ къывохъуIэну.

Темыркъан Юрэрэ композитор Хьэлупэ Джэбрэилрэ. *Сурэтыр «Темирканов Юрий: Моменты жизни» альбомым къытхащ. «Эльбрус» тхыль тедзапIэ, 2008 гъэ*

70

Сэ сыхэкупсэщ, а псальэм и мыхьэнэ нэхъыфIыр къизгъэкIыу. Срогушхуэ си лъэпкъым, абы и лIыгъэм, хьэлэлагъым, щхьэхуитыныгъэм пщIэ ин зэрыхуищIым. Адыгэбзэр нэхъ купщIафIэ, кьулей дыдэу дунейм тет бзэкэм яхьзобжэ. Гурэ псэкIэ сыдахьэж ди лъэпкъ уэрэдыжьхьэм. ФIы дыдэу солъагъу адыгэ музыкэр.

ТЕМЫРКЪАН Юрэ, *СССР-м и цIыхубэ артист.*

● Муслъымэнхэм я махуэшхуэхэр

Къурмэн хьидыр

ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъуэх, муслъымэныгъэкIэ сыщхьэх, си шыпхъуэ!

Дыгъэгъазэм и 8, 9, 10 махуэхэр къурмэн хьидыр. Ар ину ягъэлъапIэ муслъымэн псоми. Си гуапэу сынывохъуэхъу а махуэшхуэмкIэ ди щIыналъэ ис си лъэпкъэгъу псоми!

Дэтхэнэ зы балигъри щIыгъуаззу къыщIэкIынщ къурмэнкIэ къызэрыхъуам, абы и тхыдэм, и дерсхэм. Махуэшхуэр, Ибрэхьим бегъымбарым и деж къыщежьэр, щIыхьэт тохъуэ Алыхьталэм и къарур, гущIэгъуэр зэрыгъунапкъэншэм, Абы кьалэн тщищIа псори гурэ псэкIа дегугъуу зэрыдгъэззащIахьэм, хьэлэлу дапщэщи дызэрыхуэлэжьапхъэм.

Къурмэнрыр хьэж щIыным пыщIа кьалэн лъапIэхэм ящыщ зыщ. Фэри зэрыфщIэщи, мы махуэхэм Саудей Хьэрыпым хьэж щащI цIыху мелуанхэм, щIыналъэ куэдым къикIахьэм. Абыхэм яхэтщ ди республикэм и лIыкIуэхэри. Хьэжьыщхэм Iупщу ягъэлъагъуэ ДыкъэзыгъэщIам и унафэхэр гъэзэщIэным я зэфIэкI псори зэрырахьэлIэр, ахэр муслъымэныгъэм зэрыхуэпэжыр, диным и хабзэхэр зыхуей хуэзэу, ныкъусаныгъэншэу зэфIэгъэкIыныжкIэ зэрыщIахьэфIыр.

Къурэн Іущым зэрыжкIэмкIэ, Иман зиIэ псоми фIыуэ зыхэтщIапхъэщ Алыхь Иным дыкъыщигъэщIар - Абы дыхуэлэжьэн, хуит дызыхуищIыр дгъэззэщIэн, дызыщигъащIэм пэIэщIэ зытщIын зэрыхуейр. Дэ тщыщ дэтхэнэри хущIэкъупхъэщ нэмыс лъагэ дапщэщи зэрытхэлъыным, фIы зэрыдлэжьыным, хьэрэм тщащам зэрызыщIкъуэмэным. Ар зэхэгъэкIыныгъэшхэщ. ТхуэфIэкIамэ тхуэзфIэмыкIамэ белджылы къыщIихъунэр ахърэтырщ. Тхьэм кьалэну ди пащхьэм къригъэувахэр зэфIэгъэкIыным хэзэгъэнукъым фэрыщIагъи щхьэхуещIагъи, ммыгугъуныгъэри. Ди псальэхэмрэ ди Іуэхуэхэмрэ зэтехуэу, хьэупсэгъуэ нэпцIкIэ куэду къыдэзыгъэльагъу шейтIанэр зытедмыгъакIуэу, пэжым, захуагъэм драуэчыгу, Алыхь Иным дыхуэзыщэ ГъэзэгУ занщIэм дытемыкIыу ягъакIэ дыкIуэтапхъэщ. Апхуэдэ гъащIэ тэмэмым, муслъымэныгъэ нэсым и Іыхьэхэм ящыщ зыщ къурмэн щIынри, Тхьэм псоми ар къыдигъэхъулIэ!

Си ихъэшхэ, си шыпхъухэ! Къурмэн хьид махуэ лъапIэхэм фIыгъуэ инхэр Тхьэм къыфхудигъакIуэ! Сынывохъуэхъу фIыр фи Іэужьы, фи мурад дахэхэр къывэхъуIэну, узыншагъэ, гуфIэгъуэ, насыпыщымыщIэу ори дуней гъащIэр ефхьэкIыну, фи фIэщхъуныгъэр кIуэ пэтми нэхъ куу хъуну, Тхьэ лъапIэр сыт и лъэныкъуэкIи арэзы къыфхуэхъуну!

ПщIыхьэщIэ Іэнас,

Къэбэрдей-Балъкъэрым и муслъымэнхэм я Іуэхущ Iапи эм и унафэщI, муфтий.

● Хъыбар гуапэ

Къанокъуэ ФатIимэ и псэ хьэлэлыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и щхьэгъуэ Къанокъуэ ФатIимэ сабийхэмрэ зи ныбжьыр хэкIуэтахэмрэ ядэIэныкъуным хуэунэтIауэ иригъэкIуэкI псапащIэ лъэжьыгъэ папщIэ къыхуагъэфащащ «Золотое сердце» дамыгъэ лъапIэр. Псапащ Iэ фондхэм я «Ан» дунейпсо жылагъуэ ассоциацим я и тыгъэр абы кьратащ иджыблагъэ Санкт-Петербург ирагъэжьэкIа Анэхэм я ешанэ урысейпсо форумым хиубыдэу.

КъАНОКЪУЭ ФатIимэ Налшык кьалэм сабий ныкъуэдыкъуэхэм, жьы хъуахэм папщIэ щыIэ интернат унэхэм фIыуэ къыщащIыху. Хабзэ хъуэу, ар а Іуэхущ Iапи эм щапIыжхэм ильэсыщIэм и пэ кьихуэу йохъуэхъу икIи тыгъэхэр яхуещI.

КъБР-м и Президентым езыми псапащIэ Іуэхушхуэхэр зэфIегъэкI. Абы и ахьшэкIэ Налшык кьалэм мэждыгъыщхэу, православнэ члиск, «ИтIащIкIэ Уэрджэщ» зэныбжьэгъугъэ куэбжэр щаухуащ, журт синагогэр, Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я феепльэр зэрагъэпэщыжащ. Ар «Спартак-Налшык» футбол клубым ахьшэкIэ доIэпыкъу, абы и мылькукIэ кьыхэрегъэпэщ спорт-щэнхабзэ Іуэхугъуэ куэд, мыхьэнэшхуэ зиIэ жылагъэр зохьыхьэхэр, псапащIэ Іуэхуэхэр. Иджыблагъэ республикэм и Iэтащхэм хъэжыщI кIуахэм ящыщу щIыху щищым Налшык щегъэжьауэ Аман нэхьыр зэрылъэтэнум и уасэр яхуитащ. Ар щIэх-щIэхыуэрэ ядоIэпыкъу унагъуэ хуэмыщIахэм, жьыкIэфхэкIэхэмрэ гуэзвэгъуэ кьызылыкъуэкIа цIыхухэм. КъБР-м и Президентым и фондым кьыхэкIыу псапащIэ Іуэхуэхэм гъэ кьэс доллар зы мелуаным нэс трагъэкIуадэ. Къанокъуэ Арсен кьратащ «Мамырыгъэм и Урысей фонд» жылагъэр фондым и тыгъэ нэхьыщхьэр - «Мамырыгъэр гъэбыдэным, псапэм зэрыхуэлажьэм папщIэ» дыщэ медальр.

КъБР-м и Президентым и унагъуэм псапащIэ Іуэхуэхэм увыпIэшхуэ щагубыд, а унагъуэм исхэм я псэм хэлъщ «Уи хьрерягъкIэ фIыгъуэ щыIэн папщIэ, щIыхуэхэр нэхьыбэрэ гъэгуфIэн хуейщ» псалъэхэр.

МЕЧИЕВ Асхьэт.

Рашид дохъуэхъу

Биологие щIэныгъэм, генетикэм, селекцэм, кьэкIыгъэхэр зехьэным зегъэужьыныжкIэ зэфIэкI ин кьызэригъэлъэгъуэм кьыхэкIыу Урысейм Естественнэ Щ1эныгъэхэмкIэ и Академием и президиумым и унафэкIэ Вавилов Н.И. и медалыр хуагъэфащащ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъуэмэш академием хадэхэкIэхэр, пхъэщхьэмыщхьэр, жьэумыр гъэкIыныжкIэ и кафедрэм и унафэщI, мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Шыдакъ Рашид СультIан и къуэм.**

Хэкум и щIэныгъэм зегъэужьыныжкIэ зыпхуэзэ зэфIэкIыщхуэ зыбгъэдэта щIэныгъэлIым я гуапэу йохъуэхъу Урысейм Естественнэ Щ1эныгъэхэмкIэ и Академием и президиумым хэт псори.

СТУКАЛОВЭ Наталье,

Урысейм Естественнэ Щ1эныгъэхэмкIэ и А академием и еджагъэшхуэ секретарь, профессор.

■ Лъэпкъ Іуэху ■ Усыгъэхэр ■ Малъхъэ

КЪЭБЭРДЕЙ

Щбэт къыдэкIыгъуэ

● Лъэпкъ Іуэху

Сыт ди къуэшхэр зыгъэпIейтейр?

Ди газетым фызэрыщигъэгъозащ, щэкIуэгъуэм и 23-м Черкесскъалэ щекIуэкIащ Къэрэшей-Щэрджэсым щыпсэу адыгэхэм я зэхуэсыщхуэ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей, Адыгей, Щапсыгъ Адыгэ Хасэхэм, «Дунейпсо Адыгэ Зэкъуэныныгъэ», «Адыгэ конгресс» зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэжр зыхэта а зэхьэхьэр и мычэзууэ зэхашIыным щхьэусыгъуэ хуэхьащащ адыгэмрэ нэхъыбэрэ щIэныгъэхэмрэ яку дэть зэкIущытыкIэхэр нужьрей зэманым хьэлъэ зэрыхъуар, ди лъэныкъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи нэмыцI къызэрыратыр, къэрал кIуэныкъу зезыхьэм адыгэ нашIэ лъэпкъ фIэкIа зэрахэмытыр, щIыху къызэрыгуэкIхэр зэрылэжьапIэнщэр, а псом къыхэкIыу щIэныгъэ зиIэ щIадзэгъуэдэм лъахэр зэрабгынэр, нэгъуэщI джэуэныгъэ куэди зэрыгъэщэчыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я гимнэр къыратауэ къызэIуаха зэхуэсэр иригъэкIуэкIащ КъШР-м щIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шэрджэс Мухьэмэд**, Щыналъэ хасэхэм я лIыкIуэ 500-м нэблагъэ къызэрихьэлIа лъэпкъ хасэр къызэIуахын и пэ, пасэм зэрыхабзэу щытам тету, гъуэягъэджащ. ИтIанэ хасэр зэрылэжьэну щIыкIэр яубзыхуащ. КъШР-м щыщ адыгэлI цIэрыцIуэхэу, Іуэ хуфI куэдкIэ хуэщIхьэпэу лъэпкъым яхэта Кьалмыкъ Юрэ, Дер Станислав, Акъбащ Борис сымэ дакъикъэкIэ яхуэщIыпхъащ, абыхэм я зэкъащхьэхэмэ уэз гъэтхьахэр трагъэхьэну хасэм щыщ лIыкIуэ гуп ягъэкIуащ. Апхуэдэу зэхуэсым кьрихьэлIахэр хуэщIыпхъащ а махуэм дунейм ехьажауэ зи хьыбар кьаIэрыхьа Абхъаз Республикэм зыхъумэжьныгъэмкIэ и министру щыта генерал Сосналы СультIан.

(КIуэхьр 2-нэ нап.).

Алексий ЕтIуанэр зэрылIам кьыхэкIыу яхуощыгъуэ

Москва, Урысей Псом я Патриарх Алексий ЕтIуанэр зэрылIам кьыхэкIыу КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Урысей Православнэ Члисэм и Москва Патриархием хуэгузэващ.

Абы игъэхьа телеграммэм ещIэ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм гущIыхьэ ящыхьащ Москва, Урысей Псом я Патриарх Алексий ЕтIуанэр зэрылIам теухуа хъыбарыр. Дунейм ехьажащ урыфэ щIыхуабгъэ къэIэтыжыным, урысей къэралыгъэм гъэбыдэным куэд хэзыщIыха щIыху гущIэгъуэ, Урысейм и хэкупсэ нэсыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ, республикэм и щIыхубэм кьабгъэдэкIыу Урысей Православнэ Члисэм, дунейм ехьжам и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ я хэщIныгъэ иныжкIэ сахуогузавэ».

Тхьдэр щIыхьэт тохъуэ

● ТхьлъыщIэ

Мы гъэм ильэс 300 ирокъу Къэнжал зауэр зэрекIуэкIр. ЗауэлI минищым нэблагъэ кьрымыдзэр зэхахьэтэри, я хэкумрэ я хуитыныгъэмрэ фIй залымым щаухъумащ къэбэрдейхэм. Зауэр зэрекIуэкIамрэ кьрымыдзэр къэбэрдейхэм зэрызэхакьутамрэ тегъуэуэ, гъэмгъэ куэд кьыхэзыщIащ ар зи ныбжь щIэныгъэ, абы и хъыбар пэжым щыгъуазэхэм, къэрал лIыщIхьэхэм, дипломатхэм, дзэщIхэм, гъэзэгурыкIуэхэм, тхакIуэхэм. Апхуэдэ тхыгъэ кьыгъэранжащ а зэманым псэуа тыркъ щIэныгъэлI зыбжанэм - Фундуклу, Сеид Мухьэмэд Ризэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Къэнжал зауэр я нэгу щIэмкIами, абы и хъыбар хьэлэмэт ятхужащ европей автор куэдым – Кемпфен Э., Абри де ла Мотрэ, Главаци Ксаверио, Гербер И. Г., Палласт П.-С., Вакерарт, Клапрот сымэ.

КъЭНЖАЛ зауэм и тхыдэр хутэным хуэфащэ гулъытэ щигъуэтар ди зэманырщ, ар лъабжьэ хуэхъуащ Бгъэжьнокъуэ Барэсбий, Дзэмыхь Кьасболэт, Къущхьэбий Анзор, ХьэутекIуэ Самир, нэгъуэщIхэми я Іэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэ кущIафIэхэм. Апхуэдэ тхыгъэ куэд щызэхуэхьэсащ Гуманитар кьэухтэныгъэхэмкIэ институтым игъэхъэзырауэ иджыблагъэ дунейм кьытехьа **«Канжальская битва и политическая история Кабарды первой половины XVIII века»** тхьытым (напэкIуэгI 496-рэ мэхъу). Ар кьыщIдзэкIащ Котляровхэ Мариерэ Викторэ я тхьылъ тедзапIэм.

Тхьылъым щызэхуэхьэса тхыгъэхэр щыхьэт тохъуэ Къэбэрдейм и тхыдэм Кьэнжал зауэм увыпIэшхуэ зэрыщиубыдым, абы кьыщацIа текIуэныгъэм и фIыгъэкI ди лъэпкъхэмрэ ди хэкумрэ я щIэр лъагэ хуауэ зэрыщытам.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

2008 гъэр унагъуэм и ильэсу зэрыщытым кьыхэкIыу къэралми, республикэми, куейхэми абы ехьэлIа зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIащ.

● Лэскэн куей

Жьыр щIэм и щапхъэщ

ГъусэхэР, мы гъэм унагъуэ хьуахэр. Ныбжьыщ1эхэм ехьэхэхуну, ягъэльэпIэну кьеКIуэлIат благъэхэмрэ гъэнэгъэхэмрэ, куей адмиНистрацэм кьыбгъэдэкIыу сагуэт лъапIэхэр ираташ.

ЗIущIэр кьэфэхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ, гушыIэ теплъэгъуэхэмкIэ куейм и артистхэм ягъэдэхащ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

Министрыр спектаклым йоплъ

● Гъуэздж

Лъэпкъ щэнхабзэр дэIыгъынымкIэ, театр гъуэзджэр кьуажэдэсхэм я деж нэхьэсынымкIэ республикэм егъэкIуэкIын хуей Іуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, дыгъэгъазэм и 3-м Зенкьуэ кьуажэм щыIащ Щоджэнщыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актер гуп. Зенкьуэдэс щыкIуэ инри кьыщыIэсхуэса Щэнхабзэмкlэ кьуажэ уиэм щагъэлъэгъуащ Мурат Тэнэай и пьесэм къыщащIыкIа «Къулыкъум итхьэкъуахэр» спектаклыр.

АдыГэ театрыр кьаэзрыхуеблэгъар щэнхабзэ кьэжьхьащIэ дахэ хьуат кьуажэдэсхэм я деж кIэ, уеблэмэ махуэшхуэт, сыт щхьэкIэ жьыпIэмэ, илъэс 1Іощым щIигъуауэ а жылэм Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артистхэр иджы япэу дыхьэу арац. КъыхэзэщIапхъэщ, кьуажэ адмиНистрацэм и унафэр щIалэ гумызагъэ икIи жыджэр Къэрмокъуэ Іуумар зэрыIэщIалъхьэрэ, щэнхабзэм, гъуэзджэм хуащI гулъытэр нэхьыбэ зэрыхьуар. Къэбэрдей театрыр Зенкьуэ етъэблэгъэныжкIэ жэрдэмыр абы даIыгъащ кьуажэм дэт макьамэ еджапIэм и унафэщI Жылау Арсенрэ Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщI Кьулий МуIэедрэ. Абыхэм зэгъуэгу зэфIаха пэжкьыгъэмкIэ я кьуажэгъуэм махуэшхуэ дахэ тыгъэ хуащIащ.

Іъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, зегъэужьыным, гъуэгу етыным мыхьэнэшхуэ иIэщ жылагъуэр зэпIэзэрыту, мамыру псэуныжкIэ. Щэнхабзэм хуэфащэ гулъытэ имыIэу кьаралыгъуэ пъэщ хухуэгъэщI. Сызэрепльмыкlэ, а Іуэхур фIыуэ кьыгуроIуэ КъБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарезгъащIэ Іэнатlэхэмкlэ и министр фыгрэ Руслан. Ар Зенкьуэ щекIуэкIа пшыхьым ди гъусэу пэкIуащ, театрым и кьуажэ «зекIуэм» жьыдэжру хэтащ.

Спектаклыр нуха нэужь, зенкьуэдэсхэм Іэгуаузшхуэ ди артистхэм хуаIэтащ, ягу пымыкIыу, кьамыутIыпщу куэдрэ яIыгъащ. Кьуажэдэсхэр апхуэдэу кьыIэзрытщыгуфIыкIар дэри хуабжьу гуапэ тщыхъуауэ, республикэм и нэхъ жылэшхуэхэм ящыщ зым, Зенкьуэ, иджыри мызэ-мытIэу дыкIуэну кьыIэзрытщыгугъыр кьыджжаIэу дыкърагъэжьэжащ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Басир,

Щоджэнщыкъу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и художественнэ унафэщI, УФ-м щIыхь зиIэ и артист.

Тхьдэр щIагъэкъым

● Я Іуэху щIагъэкъым

Европэм и Центробанкымрэ Инджылыз Банкымрэ я гугъэщ учет ставкэхэр зэрагъэмащIэм и фIыгъкIэ щIыхуэхэм нэхьыбэ кьащхьэхуэ кредитхэмкIэ ятыдж ахьыщэм нэхь пэлъэщынхэу. А ахьыщ хъумащIэхэм дыгъэгъазэм и 4-м куэдкIэ ягъэмэщIащ я процент ставкэхэр, экономикэ кризисым зэрамыгугъауэ нэхьри зэрызыбгъэцIэр, нэхь зэрыхуэтIэсынур къэзыгъэлъагъуэ макроэкономикэ хьыбарэр кьаIэрыхьа ящыщ.

Европэм и Центробанкым и унафэщI Трише Жан-Клод зэрыхунгъэфащэмкIэ, дызыхуэкIуэ мазэ 6 - 9-м, уеблэмэ пIалъэ нэхъ кIыхькIи, дунейпсо кризисым Европэр щытыкIэ ткIийм иригъэтынущ, щIыхуэхми кьащхьэхум куэдкIэ хэщIынущ. Мы гъэм Европэ юзым хэт къэрал 15-м я ВВП-м процент 0,1-кIэ фIокIа хэмыхьэуну, зэрызэужьым етIанэгъэ фIыуэ хэщIыну Трише кьельытэ.

Аргуэру щIыхуэхэр хокIуадэ

Ирак и Мосул кьалэм террористым дагъым зыкIэщIэльэ

автомашинэ кьыщицъауэри, США-м и зауэлIу тIу хэкIуэдащ.

А къэралым и Эл-Фаллуджэ кьалэм кьыщагъэуа лагъымхэм уIэтгъэ ищIащ щIыхуи 120-м щIигъу, щIыху 13 хэкIуэдащ.

Іэ щIадзакъым

Кассетиэ дагъымкIэ эджэ Іэщэ ныпагъэр кьагъэсэбэну хуит мыщIыным Іэ щIадзащ къраги 100-м щIигъм.

А щIыхьэт тхьылъым (Конвенцэм) Іэ щIадзым ядакъым США-м, Урысейм, Китаймрэ Пакистанымрэ, Индиемрэ, Израилым, нэгъэщI къэралхэми. А Іэщэ лIэужьыгъэр нэхь зи куэдыр икIи нэхьыбэу кьыщIэзыгъэкIыр Урысейрщ, США-рщ, Китайрщ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 6, щбэт

◆ Финляндием и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - щхьэхуитныгъэ щигъуэта махуэщ (1917).

◆ Украинэм Іэщэкъ Іэ ЗэщIэуэзда и Къарухэм я махуэщ.

◆ **Хоккейм и урысейпсо махуэщ.** 2007 гъэ лъандэрэ илъэс кьэс дыгъэгъазэм и яп щэбэтым ягъэлIащIэ, Урысейм хоккеймкIэ и федерацэм и жэрдэмкIэ.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-р дакьикъ 25-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-р дакьикъ 30-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакьикъи 5-р.**

Дыгъэгъазэм и 7, тхьэмахуэ

◆ **Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ.** Ар ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем игъэуващ 1996 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м.

◆ Спитак (Армение) 1988 гъэм къыщыхьуа щIыхьэт шыпагъуэм и фэепль махуэщ.

◆ Мусульмэнхэм я гуфIэгъуэщ - Арафат и махуэщ. Хьэж щIыным щIедзэри, абы кIуахэр Арафат бгыщхьэм докIуеий.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-р дакьикъ 26-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-р дакьикъ 29-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакьикъи 4-р.**

Дыгъэгъазэм и 8, блыщхьэ

◆ 1991 гъэм Беловежскэ Пущэм щыIэ «Вискули» резиденцэм СССР-м хьэхьэ республикищым - РСФСР-м и Президент Ельцин Б.Н., Белоруссием и Совет Нэхьыщхьэм и унафэщI Шушкевич С.С., Украинэм и президент Кравчук Л.М. сымэ Іэ щыщIадзащ республикэ 15-ри къэрал щхьэхуит зыщIа щыхьэт тхьылым. Адыгэгъазэм и 21-м Алма-Ата СССР-м хэта республикэ 11-м я унафэщIхэр щызэхуэзэри, СНГ-р къызэригъэпэщ декларацэм Іэ щIадзащ.

◆ **Муслымэнхэм я гуфIэгъуэ махуэщ - Хьэж щIыным еухри, къурмэн махуищым щIедзэ.**

◆ Узбекистан Республикэм и Конституцэр къыщащта махуэщ. Ар Узбекистаным и Совет Нэхьыщхьэм 1992 гъэм къыщIэри, 2002 - 2003 гъэхэм къыриубыдэу щэхъуэжьынныгъэхэр халъхьэжащ.

◆ Дыгъэгъазэм и 8 - 9-хэм Брюссель (Бельгие) щызэIуэщIэнущ Евросоюзым хэт къэралхэм транспортымрэ коммуникацIэмкIэ, къэрал кIуэ Іуэхуэхэмкlэ я министрэхэр.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-р дакьикъ 27-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-р дакьикъ 29-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р дакьикъи 2-р.**

Дыгъэгъазэм и 9, гъубж

◆ **Коррупцэм ебэныныжкIэ дунейпсо махуэщ,** ООН-м и жэрдэмкIэ ягъэуващ.

◆ 1948 гъэм ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем къыщтащ геноцидым хухIуэ щIэпхъаджагъэм пэщIэуэвэнымрэ ар зыльэкъуэм тезыр егъэхьынымрэ хуэунэтIа Дунейпсо конвенцэр. Абы къыр щыгъэтар 1951 гъэм щIышылэм и Т2-ращ.

◆ **Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-р дакьикъ 28-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 16-р дакьикъ 29-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-р зи дакьикъэр.**

Пэнэнэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи нэхьыжь еда1уэ и Іуэху мэкIуатэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Сыт ди къуэшхэр зыгъэпІейтейр?

Зэхуэсышхуэм хэтщ КъБР-м и Президентым и чэнджэщэгъу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и апэ вице-президент Думэн Хьэсэн, «Меркурий» фирмэм и унафэщІ Дер Вячеслав, Темыр Умар сымэ.

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ и центру КъШІэм щыІэм и унафэщІ **Темыр Умар** яІэ псалъэр щратым, ар зэпхьрыхауэ тепсэлъыхьащ КъШІ-м щыпсэу адыгэхэм я зэпхьрыхауэм щыхьэусыгъуэ хуэхъуэ Іуэхугъуэхэм.

- Дэ дыщІыпсэухэсэр ди гу бамПэ дэтхэу дыпсэлъэну хьэмэ дыхэкъуэгъу утыку дыкъыхэкІэ ди гъэсэныгъэ адрейхэм нэрыгъаГъу ящытщыну аракъым, - жиІащ Темырым. - АтІэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэкІуэнур зи гугъу тщІым зэрелъытар зэхэтщІыкІыу ди лъэпкъыр зэуэвэІа Іуэхум и хэкІыпІэхэм дыльыхъуэн щхьэкІэщ. Дэ тыдогъэчыныхь адыгэхэм кьыхуащу щыта дзыхьыр зэрІагъэуэвэкьыну, мы лъахъэм щыпсэу лъэпкъхэр зэпымыууэ зэпэщІэзыгъэувэ псалъэмакъхэр къызыхэкІ Іуэхуэхэр зэхагъэкІыну, псэукІэ зэпІэзэрытым икІи щыпсэгъуэншэм дахуэкІуэжьыпапщІэ. Абы щхьэкІэ узыхуэйр зы мащІэщ: пэжыгъэ, захуагъэ икІи Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр щызэфІэувэм унафэщІхэм яІэщэщІа щыуагъэ пхьашэхэр кьыщІэзыгъэщ, абы и Конституцэм зэпэщІэзэу хэльым щыхьэт техьуэ хахуагъэ. Дэ кьыпТпыкъэжьІыН хуейщ ди республикэмрэ абы щыпсэу-хэмрэ я зыужьыныгъэр къэзыІъахъэ лъэпкъ зэхэгъэжьыр, мэкъпІтыр кьыззэрыгъэзэнэжьыфын политикэ гупсысэкІэрэ къаруурэ.

УзыфІэмыкІыжьыну пэжыращи, тхыдэм щыуагъэ лъэпкъ игъэгъуркъым, зыгуэрэхэм «и нэр хуиуфыщІауэ» кьыщыпщыхьу щыІэми, ар щэхъуэжьым хуэдэу Іэмал имыІэу зыщІыпІэ дежь кьыщыпхивынущ. Араш КъШІ-м щыпсэу адыгэхэм ди щхьэм кьрикІуам узэреджэнри. Республикэр кьыщыунэху, лъэкІэ щыуз лъэхъэнэм адыгэхэм тІэщІэкІа щыуагъэращ нобэ багъашым хуэдэу ди щхьэм кьытехуэжьр. КъШІ-м и Щыхьбэ Зэхуэсым и депутатхэм жаІэр ди фІэщ хъурі, адыгэхэм ди кьэкІуэнури ди лъэпкъ хуитыныгъэхэри Іэщіэтлъхьащ а лъэхъэнэм республикэм и Іэтащъхэу щытам. Апхуэдэ дзыхь зэрахуэтщІар кьагъэсабэри, унафэщІ щхьэхуещхэм Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэр дыкьагъэпцІащ, икІи гупсысэ зэпэщІэзэ, фІэтъенапІэ зэфэхыщу зэхэль Конституцэ къаштащ, ари пІэщІэгъуэкІэ, зы махуэ фІэкІа хэмыпльауэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ адыгэхэм Іэщіахащ КъШІ-м щыпсэу адрей лъэпкъхэм хуэдэу щыпналъэм и къэрал Іуэхуэхэр зегьэкІуэныжьмкІэ яІэ хуитыныгъэхэр.

АдэкІэ Темыр Умар кьыхигъэщащ иджырей Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм лъэрытетым папщІэ адыгэхэм я гуащІэдзкІыу абы и зыужьныгъэм хэтыр зыхуэдизыр. Къэрэшеймрэ Шэрджэсымрэ зегуагъэхъэжу (1957 гъэм) зы автономие щащІам, адыгэхэм я щыІуэ псоми зэхуэдэу кьагъэсбэныну мыпТкъум хахьащ вапІэу процент 85-рэ, хуитІыу процент 75-рэ. Ауэ апхуэдэ нэрыгъаГъу Іуэхуэхэр къэрэшейхэм «зыщагъэгъупщэри», езыхэм я бжьыгъэр республикэм щыпсэу адрей лъэпкъхэм куэдкІэ зэребжьыр яГъэпІий икІи кьэрал кьуІыжьыщІапІэхэм адыгэхэр пэІэщІэ ящІ. Абы кьыхокІа щІыналъэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я нэхъыбэр зэрыпэжьафар нэгъуэщІ щыпІэхэм гъэжьакІуэ макІуэ. Мис апхуэдэ Іуэху кьиинхэм я хэкІыпІэ кьалъыхьуэу, нэхъыщхьэращи, КъШІ-м и Конституцэм зэхуэдэкІыпІэ гъэтхьэн зэрыхуэйр кьагъэнаІуэу арат зэхуэсым кьрихьэлІахэм.

- Лъэпкъхэр щызэхуамыгъадэ щыпІэм юридическэ зэхуэдэ щыпІэм зэхуэдэ щыпІэм кІэ Іэмал иІэкьым, - жиІащ адэкІэ Темыр Умар. - Зэхуэсым и лІыкІуэхэм кьабгъэдэкІыу дэ зыхуэдгъэзэну дыкуеІащ ди ціуфхэм унафэщІхэми федерал кьулыкъущІэхэми юридическэ хунтыныгъэ зэхуэдэжьм джэлэс хуэхъу зэхъуэкІыныгъэхэмрэ дэщІыгъуэмрэ Къэрэшей-Шэрджэс Конституцэм хальхьэну. Дызэрыт мазэм и кІэухым (щэкІуэгъуэм и 30-м) илъэс 18 ирокъу Урысей Федерацэм хэт щыІыналъэу Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм фІыуэ зэращІэрат. Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр щыгъэфІыкІар апхуэдэ лъэбакъым автономиеу щытамэ, иджы УФ-м щыщ республикэ щхьэхуэщІ.

Абы щыгъуэм адыгэхэр кьэрэшейхэм кьыгуэкІын Іуэху гуэрри щІызэрамыхуар лъэпкъ зэныбжьэгъуГъм и уасэмрэ апхуэдэ зэдэпсэуКІэм и пІалъэр дыгъэзэжьащ. ЗэрелъытэмкІэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэр щІыгъуэфІыкІар апхуэдэ лъэбакъым кьрикІуэну зыужьыныгъэм хуэлэ гуГъапІэфІхэрат. Мыбдеж кьыхэсэщІыпхъащ КъШІ-м и президентыщІэм а Іуэхум теухуауэ жиІар зэрымыльабжьэщыр. Збзеев Борис кьызэрилъытэмкІэ, Къэрэшей-Шэрджэсыр лІъэс куэд хъуауэ и пІэ щІидзыхьым, федерал дотацэм кьыфІэкІыу нэгъуэщІ псэукІэ щІыпІэ щытримыблэфым и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщІ лъэпкъ зэгурымІыгъэныгъэр щыналъэм зэрыщытепщэр, лъэхъэнэр здыкъэзам и щытыкІэр кьызэрэнэкІыну Іэмал щІамыгъуэтыр кьэрал кьулыкъу зезыхьхэр этнократие (зы лъэпкым и тепщэгъуэ укъуэдиин) Іуэху бгъэдыхьэкІэм зэрытеІыщІ. Апхуэдэ псалъэхэм кьыдэкІуэри президентыщІэм дыкьыгъэгъащ а щытыкІэм зригъэхъуэкыну. Ар икъукІэ узыщыгуфІыкІынщ, сыту жьыпІэмэ нужьрей илъэс 18-м КъШІ-м и Іэтащъхьэ щытахэм ерыщу икІи щхьэмыгъаззу а Іуэхум зыщадзеящ, апхуэдэ щыкІэкІи щІыналъэм щыпсэужэр щыхупІэм нрашэлІащ, лъэпкъхэр зэкъуэтэныным, зэгъусэу заужьыным, зэдэлэжьэным хуэунэтІауэ зы лъэбакъуэ ячакьым, атІэ зэпымыууэ зэрызэпэщІагъэзэным, гугъуэмыгъу хэмыкІыу зэрагъэпсэуным, щІыналъэм щытепщэу щытынымрэ кьэрал кьулыкъу зезыхьхэр этнократие (зы лъэпкым и тепщэгъуэ укъуэдиин) Іуэху бгъэдыхьэкІэм зэрытеІыщІ. Апхуэдэ псалъэхэм кьыдэкІуэри президентыщІэм дыкьыгъэгъащ а щытыкІэм зригъэхъуэкыну. Ар икъукІэ узыщыгуфІыкІынщ, сыту жьыпІэмэ нужьрей илъэс 18-м КъШІ-м и Іэтащъхьэ щытахэм ерыщу икІи щхьэмыгъаззу а Іуэхум щІыналъэм щыпсэужэр щыхупІэм нрашэлІащ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэр дыкьагъэпцІащ, ар щэхъуэжьым хуэдэу ди щхьэм кьытехуэжьр. КъШІ-м и Щыхьбэ Зэхуэсым и депутатхэм жаІэр ди фІэщ хъурі, адыгэхэм ди кьэкІуэнури ди лъэпкъ хуитыныгъэхэри Іэщіэтлъхьащ а лъэхъэнэм республикэм и Іэтащъхьэ щытам. Апхуэдэ дзыхь зэрахуэтщІар кьагъэсабэри, унафэщІ щхьэхуещхэм Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэр дыкьагъэпцІащ, ар щэхъуэжьым хуэдэу ди щхьэм кьытехуэжьр. КъШІ-м и Щыхьбэ Зэхуэсым и депутатхэм жаІэр ди фІэщ хъурі, адыгэхэм ди кьэкІуэнури ди лъэпкъ хуитыныгъэхэри Іэщіэтлъхьащ а лъэхъэнэм республикэм и Іэтащъхьэ щытам. Апхуэдэ дзыхь зэрахуэтщІар кьагъэсабэри, Урысыр-Кавказ зауэр зэрриухрэ илъэсиз 150-рэ щрикІуэр. Ди лъэпкъыр щІыгъуэгъэ кьызэрыкІа лъыгъажьэм и иужьрей мазэр зыхуэзэри Урысей пащтыхьым и кьуэш пщышхэу Михаил и кІэ щІэта теКІуэныгъэ парапщэ щекІуэкІари Къуэбыдзщ, Красная Полянэкіэ еджэу Олимпиадэм пщыІэ Іуэхугъуэ нэхъ инхэр здэщІыну щыпІэрщ. Иджы дэ парапщэ ди лъэпкым и геноцидым теухуа упщІэр абы ирихьэлІэу кьэтІэтыными адэкІэ дгъэгъэвэнуми, ауэ, узыфІэмыкІыжьнураци, Олимпиадэм ирихьэлІэу Іуэхугъэ гъэфІэхэр щыІэнущ. Абы щэч кьыщІыІтезмыхьэр ди лъэпкъыр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр зэрфІэзыхьыфи фІы щыщхьэхэр УФ-м зэрыщІэкІ.

Черкесск кьалэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Адэмокъуэ Алберт** кьыхилъхьащ щыхуэ 50-м нэблагъэ зыхэт хасэ кьудамэ кьыхэзыгъэнэфыжьыну. Урысейм щыпсэу адыгэхэм я Іуэху дэкІыныгъэ УФ-м и Федерал Зэхуэсым, Президентым и Администрацэм, Правительствэм я пащхьэ ихьэну хуитынгъэ ІыбэІ, адыгэ лъэпкым и уэчыпу хабзэубзыху ІэнатІэхэм кьыщыпсэлъэфыну.

Кьыззэхуэсахэм кьалъэта Іуэху ІепІыкІыІэхэр кьыззащІакъуэжу, зытепсэлъыхьахэм ятпкъ ит резолюцэ кьащта нэужь, лъэпкъ зэхуэсыщхуэм хэтахэр зэбгрыкІыжами, съездым и лэжьыгъэр абдеж щиухакьым. Абы кьыпащэнущ 2009 гъэм и ГъатхэпІэ мазэм - КъШІ-м и Парламент хэхьныгъэхэр щекІуэкІынум ирихьэлІэу.

ныБЖЬ Таисэ

Налшык - Черкесск.

Чачыхъу Мэжид

ХьэфІыщІэ Мухьэмэд

лагъэ ягъэтІысащ, ахэр Азие Курытым кьыщрашьжа 1957 гъэм. Зэкъуэузэжа автономиер егугъуат щІыналъэ индустриемэ зегьэужьынми. Карачаевскэ, Усть-Жэгуэтэ кьалэхэм, Зеленчук станицэм, Учкекен кьуажэм лъэхъэнэм декІу ІуэхущІапІэхэр, зыгъэпсэхупІэхэр, зыгъэхъужьыпІэхэр щыуэхущІ, электрон Іэмэпсымэхэр, ухуэныгъэм пыщІа хьэпшыпхэр, нэгъуэщІхэр кьыщІэзыгъэхІ дэжьапІэхэр яГъэпсащ, мэкъумэш Іэнатіэмэ зрагъэужьащ. А ІуэхущІафэхэр и щапхъэщ зэкъуэту зэдэпсэжьэным и купщІэмрэ мыхьэнэмрэ, ар кьащІехьулІапи адыгэхэр, урысхэр, кьэрэшейхэр, абазэхэр, нэгъуейхэр зэкъуэту зэрызэдэпсжьарі.

Темыр Умар кьыхигъэщащ КъШІ-м и Конституцэм кьэрал гъэпсыкІэмрэ хабзэубзыху мардэхэмрэ зэпыуэу абы хэтхэр зэрыщІэкІыр кьэс зыми гу зэрылъымытар. ПІэщІэгъэужькІэ кьащта а Конституцэр пхыгъэхІыныжьмкІэ унафэ зыщІа Кьэрэшей-Шэрджэс областной сОветым и депутатхэм, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм, цІыхубэм зэрыщыпсэу хэупщІыхьэу щытащ: «Репрессием хиубыда лъэпкъэгъэхеІ щыжьыным теухуа унафэр гъэзэщІэныным ипкъ иткІэ, лъэпкъ псори щызэхуэдэ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ УФ-м хэту кьэужьынымкІэ фыарэзы?» - упщІэм и жэуап кьаштыжьыну. Ар фІэфІыныгъэр зыхуэдэр адрей цІыхухэм кьыззэрыратэр, кьэралым и бийуэ кьальытэу лъэхъэнэ зэрырашар, цІыху лажьэншэу зехуэным хуэм-хуэмурэ кьыппІуагъэкІуэтащ. Ар зэращІари цІыхум и хунтыныгъэхэр хуэмэн зэрыуеІимкІэ кьыхуэдежьныгъэм щІэтущ, лъэпкъым и хунтыныгъэхэр хэутэн зэращІыр ящІэжущ.

Нэхъыбэ хьу лъэпкъым нэхъ мащІэр дикъуэзыкІ Къэрэшей-Шэрджэсым хабзэ зэрыщыкъуэ куэд щащ. Абы и щыхьэтхэм ящыщ зыуэ Темыр Умар кьыхигъэщащ иджырей илъэс 18-м и кІуэцІкІэ республикэм и Іэтащъхэ хьуныр адыгэм зэ закъуэ кьыщІыхьуэкІыным, ар пыгъажэм хуэкІуэ зэрыпэтар, ерагъмыгъуейуэ цІыхухэр зэтрагъэбзэуэжауэ зэрыщытар. Абы и удыкІэ, Іуэхур нэхъри зэщІамыгъэплъэн мурадкІэ, адыгэхэм афІэкІа кьагъэльэгъуакъым президент кьулыкъур зыхуагъэфащэ я цІыху. КъШІ-м щыпсэу адыгэхэм я щІыпхъэм зэрыриКІуагъ икІи абы кьыхэкІащ къэрэшейхэм я щхьэр нэхъри нэхъ ІыагъэУ ятІа-гъэужьныр, щхьэри лъакьэрэн кьаухэнаУэ затьытэжьыныр.

- ШэрджэскІэ зэдзэр КъШІ-м щыпсэу адыгэ тІэкІУм я закъуэкъым, - жиІащ Темыр Умар. - Шэрджэскэм уагурыІуэным, зыужьыныгъэм хуэунэтІауэ уадэлэжьэным, зэхуэгъадэр и лъабжьэу кьэрал Іэнатіэ ядепхъэкІыным кьыкІыр Кьэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Шапсыгъэм, Краснодар, Ставрополь крайэм, Мэздэгу щІыналъэм щыпсэу адыгэхэр, мелуан бжьыгъэ хьу ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр бгъэжьабжьэгъуныкІ.

И кьэпсэрэзэнигъэм и кІэухыу Темырым кьыхихгъэщащ зэхуэсым и ныкъуэ зэхуэсым и щхьэхуэщІэ унафэр Кьэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адрей лъэпкъхэм кьыдальытэну зэрыщыгугъэр, зэлущІым кьыщащэта Іуэхуэхэм КъШІ-м и Президентыр, Парламентым и Іэтащъхьэ щытам, Къэрэшей-Шэрджэсым и Конституцэм хэтхэм зэрыщІэкІыр, Кавказ Ищхьэрэм и Къэрэшей-Шэрджэсым и Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэм я академическэ щІэныгъэр ильэс пщы бжьыгъэкІэ зэхуихьэса, зэлэжьа тхьылъ купщІафІэхэр а щхьэзэ дыдэм ирихьэлІэу дунейм кьызэрытехьарщ. Зэман дэкІри, абыхэм «къакІэтьысащ» нэмыкъыбгатъэкІэ тхьдэр зэзыгъэдзэкІ щІэныгъэлІ нэпцІхэр икІи тхьдэм и пажьмрэ и гуъэнэгъуу епхьэдІэ мыхьэн, щІэныгъэ тІаабжьэ лъэпкъ зимыІэ Іэдакъэщ Іэкіэхэр утыку кьрахьащ. Апхуэдэ щІэныгъэрыпажьэхэм натІэрыуапІэ ящыр Кавказ Ищхьэрэм и тхьдэмрэ, ди эрэм и пэкІэ 3-нэ лІэщІыгъуэм ЪандэрэР а щІыналъэр зи хэку адыгэхэм я кьекІуэкІыкІэмрэщ.

УФ-м и щІэныгъэлІэхэр яфІэтельыдыжэу кІэльпоплъ адыгэхэмрэ кьэрэшейхэмрэ бзэм ебакъуэркъым): адыгэ лъэпкъыр Урысей Федерацэм щыпсэуну хуейщ Урысей кьэралыгъуэм и хабзэхэм тету, и хунтыныгъэкІэ адрей лъэпкъхэм яхуэдэу, - жиІащ Тэмазэм. Абы диІыгъащ зэхуэсым доклад нэхъыщхьэр щызыщІа Темыр Умар жиІащэ икІи кьыхилъхьащ КъШІ-м и Конституцэм зэхэтхьаУэ пхъгъэКІи зэрыхуеІм зэхуэсым и лІыкІуэхэр арэзы дэхъуну.

- Ар кьыщІэмыхьэлІэмэ, етІуанэ хэкІыпІэу сэ сльаГъу къэрэшейхэмрэ шэрджэсхэмрэ зэхэкІыныр, - жиІащ Тэмазэ Анатолэ. - Къэрэшейхэр тырку лъэпкъщ икІи лІэщІыгъуэ минкІэ адыгэхэмрэ абыхэмрэ зэщІагъуэгурыКІуакъым икІи зэгъунэгъуакъым, ауэ ГъащІэм щызэридзылІэми зэхуэІеякъым. Политик мыпхуэсхэм нэхърэ лъэпкъ гъэпсыкІэм и щІыпхъэ зэрыкІыжьыр нэхъ Іущым щэч кьыщІытепхэм щыІэкъым. Къэрэшеймрэ Шэрджэсымрэ зэрэщІэхьэуэрэ мамыригъэ яку дэпЪу бгъэпсэуныр нэхъыбІщІ, зэныкъуэкъуэ зэпыту, абы кьыхэкІыри зэмыужьу псэу Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм нэхърэ. ИкІи зышыгъэгъупщэн хуэкъым абыхэм сыт хуэдэ гъунапкъэ зэмыгъуэтми, ахэр УФ-м и щІыналъэ гъунапкъэхэм зэрыхиубыдэр. Лъэпкъхэм я фІэфІныныгъэ кьыззрагъэльагъуэрэ куэд щІащ, идкьы чэзыр зейр политикэрэщ.

Къэрэшей-Шэрджэс щІэныгъэ-кьэхуэтакІуэ инуитыем и лэжьакІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я ешІ и кандидат Къэрдэн Іэсият къэпсэлъапІэр хунт щыхуащІым, ахрэ хъумапІэхэрэм тхыдэм теухуа тхылъхэмрэ кьыхиха дэфтэрхэр и тегъэщІапІэу, тепсэлъыхьащ щыужьрей зэманым «утыкуэкІуэ кьэхъуа» тхыдэщ эпщІхэм я Іэдакъэщэкіэхэм.

- ХХ лІэщІыгъуэм и 20 гъэхэм щегъэжьажу дунеим кьыгъэтехьащ тхыдэдзк щІэныгъэм и «напэр кьэзэуфІ» тхылъ телъыджэ куэд, - жиІащ Къардэным. - Тхыдэ щІэныгъэм зыкІи емыхьэлІа апхуэдэ «къэхутэныгъэхэм» зыбгъэпытащ. Пэрэмбэрэ хуэхъуар Кавказ Ищхьэрэм щыІэ академическэ щІэныгъэр ильэс пщы бжьыгъэкІэ зэхуихьэса, зэлэжьа тхылъ купщІафІэхэр а щхьэзэ дыдэм ирихьэлІэу дунейм кьызэрытехьарщ. Зэман дэкІри, абыхэм «къакІэтьысащ» нэмыкъыбгатъэкІэ тхыдэр зэзыгъэдзэкІ щІэныгъэлІ нэпцІхэр икІи тхыдэм и пажьмрэ и гуъэнэгъуу епхьэдІэ мыхьэн, щІэныгъэ тІаабжьэ лъэпкъ зимыІэ Іэдакъэщэкіэхэр утыку кьрахьащ. Апхуэдэ щІэныгъэрыпажьэхэм натІэрыуапІэ ящыр Кавказ Ищхьэрэм и тхыдэмрэ, ди эрэм и пэкІэ 3-нэ лІэщІыгъуэм ЪандэрэР а щІыналъэр зи хэку адыгэхэм я кьекІуэкІыкІэмрэщ.

УФ-м и щІэныгъэлІэхэр яфІэтельыдыжэу кІэльпоплъ адыгэхэмрэ кьэрэшейхэмрэ я тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ теухуауэ нужьрей илъэсхэм КъШІ-м кьыщыдэкІ, щІэныгъэшхэм зезыпщыт тхылъ «ГъэзэджэхэУ» Бюдай, Байрамкуловым, Байрамуковым, Кипкеевым, Чопчаевым хуэдэхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІаХэр. ЩІэныгъэрыпажьэ щІэ зэхуэмыдэхэмрэ Іэнатіэ зэмыдІэужьныгъэхэмрэ я кьуагъ зыкьуагъапащкІуэурэ, абыхэм дуненм кьытраугъыщІыкІ щІы зэфэзэщІым тегъэпсыхьа тхыгъэ гуемыІуэр икІи жэуап лъэпкъи абыкІэ яхьыркъым. Апхуэдэ тхылъ мыфэмыщхэм ящыщщ Байрамкуловым и «2000 лилет Карачаево-Черкесии и Кабардино-Балкарии?» тхылъэр, Будай «Открытое письмо Народному Собранию» зыфІищащ, нэгъуэщІхэри.

Лъэпкъ псом и цІэр яГъэулъынмэ хущІыкъуурэ, ахэр куум зэрынэгъэсащ. ИджырейКъэрэшей-Шэрджэсым и нубыд щІыналъэм адыгэхэр кьыщитІысхьар 19-нэ лІэщІыгъуэм икуэрауэ зэрыжаІэм, а щІыпІэм адыгэхэр щІымыпсэуэхауэ кьэзыпльэгъэ зэрыщІыІэм укьытгъэуЪбжь кьудейкьым. Абыхэм адыгэхэр дыззрамыгъэкъуэнщ кьэнакъым, уебгъэмэ дызэрыдыгэри кьытхуамыдэну хэтщ, зэратха дыдэм хуэдэу жиІэнщи, «ягъащІэ ЪандэрэР Къэрэшейм и ІыгъэщІыналъэр яфІыдоубыд, а лъэпкъ щІэныбгъ яфІыдотхъэкъуэ». «ИгъащІэ ЪандэрэР Къэрэшейм и ІыгъэщІыналъэм щхьэкІэ жьысІэну сызыхуейхэр дэфтэрэхэм я бзэкІэ кьэсЪуэтэнщ. Кавказым и пасэрей этнографие картэхэр щыхьэт зэрытехьуэмкІэ, къэрэшей ІыгъэщІыналъэр щІыналъэм зэрыщыщІэр къэзыгъэльагъуэ яп нагъыщэхэр кьыщытеуварт 19-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэращ, зыубгъ щІыпІэрэ Псыжь и кьежьапІэм и Іэхэпъахэ тІэкІурт. Къэрэшейхэр зэрыщыныщэм зы щІэныгъэлІэгъэкъым а лъэхъэнэм тетыхьаР. «Мыпытхэмрэ кьыр щІыналъэхэрэ къэрэшейхэм я щІыпІэм и нэхъыбэр. ГъаевэщапІэ егъэлеяуэ къэзрэмэщІэкІым кьыхэкІыу, абыхэм джабэ нэкІуэм кІэрыт мэзыкьхэр щрагуэшхэм ящыщ. КъБР-м Я Іэщыр щагъэхъуэри яІэтэкъыми, кьуршыщхъэм къеІуэтэхуэрэ кьухъапІэ лъныкъуэмкІэ Инжьыджыкъуэ, кьуэкІыпІэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр и тафэхэм нэсырт. Къэрэшейхэр апхуэдизкІэ щІы хуэныкъуэтри, урыс пащтыхьым Кавказым кьигъэкІуа и бльагущІэтхэми ар кьалъытащ икІи тетыхьащ, - «Кьыхсэнщыхь кавкъэ зыдж щІэныгъэлІ Невская Валентинэ и пэжьыгъэхэм ящыщ зым. ЩІы зэрамыІэм техуэауэ езы къэрэшейхэм жаІауэ зэтыжаиащ, абыхэм тафэм щыпсэу ясеятинхэм, нэгъащІэкІэ щІы ІыгъэщІыналъэм щыпсэужьыгъэ зэрымыІуэ кьыхэхьащ, - кьыхсэщыщ кавкъэ зыдж щІэныгъэлІ Невская Валентинэ и пэжьыгъэхэм ящыщ зым. ЩІы зэрамыІэм техуэауэ езы къэрэшейхэм жаІауэ зэтыжаиащ, абыхэм тафэм щыпсэу ясеятинхэм, къэзакъэм я деж, Тэрч областым, Мейкьуапэ, Лабэ округэм щыщІыр бдзжэнгъ кьащІатэу зэрыщІатар. ГъаІуэ щыщІапІэ ящыщ. Ар мыууэ кьаззрэмэщІэкІыр и щхьэусыгъуэу, 20-нэ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм Тырхуэм Іэпхъуэ къэрэшейхэм я тхьэусыхэм кьыхэсщыжь: «Бахъсэнщыхь дагъэкІуэжьагъэмэ, игъащІэкІэ ди лъахэр дыбгъынэнтэкъым» зэрыжаІар. Пащтыхь правительствэм и унафэкІэ 1905 гъэм къыдэхуащІ щыІуэ «Абрамовым и комиссэкІэ» зэджэ гупым ирегъэкІуэкІа къэпщІэныгъэхэм я ужькІэ ятхыжьаХэм кьыхоощыж Къэрэшейм щІыуэ яІэ и щІакІуэ тебгъэмэ, щІигъанэу зэрыщыгъар. Урыс-Кавказ зауэм и ужькІэ хэкур зрагъэбгына адыгэхэмрэ абазэхэмрэ кьащІэна щІы кьомыр (Гъмэ. ТумэщІыкІу. ПсыжьпсыежьэхэМ я тафэ бгъуфІэхэр) зэрафыдам хуэдэу, 1917 гъэм къэхуа Октябрь революцэр кьэсыкуэ къэрэшейхэр щІым пьыщІа гугъуэсытуХэм хэкІыныным. Абы кьыхэкІыу Совет властыр щагъэувэ яп илъэсхэм щегъэжьауэ ахэр кьуршхэм кьэхьырэ тафэхэМ кьитыІэ. Апхуэдэу зи Іуэху кьекІуэкІыкІэ щІэныгъэ зэрыщІэкІ.

Ауэ ар щІэныгъэлІэхэр яфІэтельыдыжэу кІэльпоплъ адыгэхэмрэ кьэрэшейхэмрэ я псалъэхэм зригъэхъуэдиякьым, ауэ жиІащ Урысей муниципальнэ академиемэ хэт щІэныгъэлІ Герюгов Азнаур КъШІ-м и щІэныгъэ-къутакІуэ институтыр зэхуэщІыну хуейуэ кьызэрыгъэтІэр, ар зригъэхъуэлІэну зэрыхэтыр, а Іуэхумкіэ щІыпІэ кьэзыбгъэкІ кьудамэ и унафэщІ**КІэш Руслан**, «Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Зэкъуэшныгъэм» и пашэ **Шыхьуэ Замир** (Пашшык) сымэ, нэгъуэщІхэри.

- Сыт нобэ дызыхэтыр? Сыт ди хуэреягъым кьыщыхьур? Сыт адэкІэ тщІэн хуейр? Мис а упщІащэм жъуаи етыжьмкІэ хуейщ, ди кьэкІуэнур дубзыхун папщІэ, - жиІащ КъШІ-м автомобиль транспортымкІэ и Іуэхущ-ІапІэм и унафэщІым и кьуэдзэ, жьыларЪу лэжьакІуэ цІэрыпІу **Уэз Анатолэ** кьыщыпсалъэм. - И чэзу хъуащ ди щхьэм деплъыжьну, дызыхуэдэр зэдгъэщІэжьыну, ди щыуагъэхэр кьыдыжьыкІыр кьэтхутэну. Сэ сыкъуэфІ фыжьыхуездэжьну ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтныгъэр я гъэбыдэным и мызакъуэу, ди ГъэнэгъУ щІыналъэхэм, ди кьуэш республикэхэм яхуэдиІэ зэпыщІэныгъэри едгъэфІэкІыну. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэращ ди лъэпкъыр кьэзыхьумэнур. Нобэрей ди зэхуэсыжьэ куэд дыдэ кьыдэхъуІэну тхуэзфІэмыкІми, сэ сыщогугъ мыбдеж щыжьытІахэмрэ кьыщытІэта Іуэхугъуэхэмрэ ди республикэм и Іэтащъхьэхэми федерал унафэщІхэми зэхахьину, ди гукъеуэхэр кьагурыІуэну.

- Ди лъэпкъэгъуу КъШІ-м щыпсэухэр зыІуэ гугъуэхьхэр дэрэ ди гукъеуэщІи, Іуэхугъэ дауэ мыхьумри, зыщывмыгъэгупщэ, дэ дыфхьуэтщ, фи щІыбгаСым дыкъыдэтщ, - жиІащ «Адыгэ конгресс» жьыларЪу зэгъэшныгъэм и Къэбэрдей кьудамэм и унафэщІ **КІэш Руслан.** - Пэжщ, дызыхэт Іуэху кьиинхэр зы зэхуэсыгъэкІи, зы тхьэмахуэкІи, зы илъэсКІи зэтетхыфыщукьым. Ауэ фэ фыщыгъуэ-ящ дызыхэт лъэхъэнэм Урысейм щекІуэкІ зэхьуэкІыныгъэхэм ди лъэпкъым ифІ зэрыхэтым. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Сочэ кьалэ и Іэтащъхьэ адыгэ щІалэ зэрытрагъэуэвар, адыгэ-абазэхъэз лъэпкъхэм ящыщу ятпу Абхъаз Республикэр кьэралыгъуэ щхьэхуиту кьыззрапльытар. ФощІэ, 2014 гъэм Сочэ кьалэ Щымахуэ Олимп Джэгуэр зэрыщекІуэкІынур. АтІэ фигу кьызэгъэкІыжь, а гъэ дыдэрэщ Урыс-Кавказ зауэр зэрриухрэ илъэси 150-рэ щрикІуэр. Ди лъэпкъым и мыгъуагъэр кьызэрыкІа лъыгъажьэм и иужьрей мазэр зыхуэзэри Урысей пащтыхьым и кьуэш пщышхэу Михаил и кІэ щІэта теКІуэныгъэ парапщэ щекІуэкІари Къуэбыдзщ, Красная ПолянэкІэ еджэу Олимпиадэм пщыІэ Іуэхугъуэ нэхъ инхэр здэщІыну щыпІэрщ. Иджы дэ парапщэ ди лъэпкым и геноцидым теухуа упщІэр абы ирихьэлІэу кьэтІэтынуми адэкІэ дгъэгъэвэнуми, ауэ, узыфІэмыкІыжьнураци, Олимпиадэм ирихьэлІэу Іуэхугъэ гъэфІэхэр щыІэнущ. Абы щэч кьыщІытезмыхьэр ди лъэпкъыр зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэр зэрфІэзыхьыфи фІы щыщхьэхэр УФ-м зэрыщІэкІ.

Черкесск кьалэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Адэмокъуэ Алберт** кьыхилъхьащ щыхуэ 50-м нэблагъэ зыхэт хасэ кьудамэ кьыззэрыгъэнэфыжьыну. Урысейм щыпсэу адыгэхэм я Іуэху дэкІыныгъэ УФ-м и Федерал Зэхуэсым, Президентым и Администрацэм, Правительствэм я пащхьэ ихьэну хуитынгъэ ІыбэІ, адыгэ лъэпкым и уэчыпу хабзэубзыху ІэнатІэхэм кьыщыпсэлъэфыну.

Кьыззэхуэсахэм кьалъэта Іуэху ІепІыкІыІэхэр кьыззащІакъуэжу, зытепсэлъыхьахэм ятпкъ ит резолюцэ кьащта нэужь, лъэпкъ зэхуэсыщхуэм хэтахэр зэбгрыкІыжами, съездым и лэжьыгъэр абдеж щиухакьым. Абы кьыпащэнущ 2009 гъэм и ГъатхэпІэ мазэм - КъШІ-м и Парламент хэхьныгъэхэр щекІуэкІынум ирихьэлІэу.

ныБЖЬ Таисэ

Налшык - Черкесск.

КІэш Руслан

А махуэр уэри сэри дрелъагъу!

Бицу Анатолэ и усэщІэхэр

Къазий Людмилэ и фэеплъу

«Си гъащІэр зырикІт, уэ ухэмытам» циклым щыщщ

Сымаджэщ

1

Сыкъыщытаи жэщ къэхуащ.
Къэхъу ащ сэ маэжкІи сыкъэтщ.
Сигу загъэу си нэІэ темыту
Ди щІалэ закъуэри къэхуащ.

Сызэхуэ у сыткІи сэ къысфІэщІт.
Сыт злэжьми нІэт щхъэусыгъуэ.
СщІэрт зэрымыкъур сытым щыгъуи,
УщІэсти уэ, ди унэр нэщ.

Сэ сщхьэщызыхыр псори уэрт.
УтеплъэкъуКІырт зкъым ди кІуэм...
Иджы мымащІэ сигу щІэныкъуэр –
Къэнащ псом япэу сщІэн хуей куэд.

Узгъэтыншыну си кІалэнт
Сэ, узгъэфІэну сльэмыкІами.
Ди щІалэ лІы къызыхэкІами
Хуеят цыкІыхухкІэ Іэ дэслъэн.

Уэ сымаджэщыр уи «къэщІэщщ».
КъемыкІуэ жей ныжэбэ си нэм.
«ДыщІэсрэ пэткІэ лІитІ, мы унэр,–
Жэщ къэскІэ согупсыс,– щхьэ нэщІ?»

2

Тедзэщ ди халатхэми егу,
Уэздзэкъэн гуэрхэри къэтщтауэ,
ДынэкІуащ уи дежи, укъэщтауэ
Уэ зэадзэкъ уэм укъыдопль.

Хущхьуэ гуэр къыпхакІэ – мастэ пхэлъщ.
Упсэльэфхсым, уи нэпхэр уольэщ.
Уи нэкІущхьэм, зынегъэщхьри сакъыу,
Бз ныхуещІыр гуапэ дыдэу уи кІуэм...
Абы нэхъри уэ гумащІэ уеІщ.

ТІэкІу ухъуащ Іэнк ун уэ иджыпсту.
Арщ угуфІэщауэ. Мыри сощІэ –
Уогупсысыр: «Сэ зыгуэр къысщыщІмэ,
Дауэ мыгъуэ хъужыну мы тІур?»

Къыпхудэмышеймэ, зы жумыІэ.
Ауэ, кхъыІэ, сэ сумыгъэгуІэ.
Сэ сыпщІыну ухуейм насыпфІэ,
Зыубыдыжи, ди кІуэм къыхуэгуфІэ.

3

Си кІуэм сыхуопщафІэ...
Ещхьу уэ зэрыпщІым
СщІы сфІэщІыжу, сощІыр
КІэртІофр жьэрыкуей.

СыщІмысхьу, шатэр
ЩІэз сощІ кІэртІофыщІэм...
СощІыр пІастэ гъуэжьи...
Сэ зыщ сызыхуейр:

Ялпэхэми хуэдэу,
ЩІрет махуи жэщи
Ди пщэфІапІэ цыкІум
Къуэныкъ-бжьынымейр...

Си кІуэр тІэкІу йодзакъэ
СщІам, фІэмыІэфІыщэ у.

Мазаем и 14, 2008 гъэ

Я нэхъ псы уэрми
ИІэщ икІынІэ,
Я нэхъ Іуэху гугъуми
ИІэщ хэкІынІэ,
ЗимыІэ щыІэу
СщІэркъым Іэмал
Зы фІэкІ -
Зэреджэр абы «ажалщ».

А зым
СльэкІакъым сыпэпъэщыну ,
А зым
ЛъэкІащ сэ хуэмыху сищІыну:
«Умыгъаваэт,– жьІэрт ,–
Сыпщ1ыгъущ»,
Уи нэ Іущитім
Къыхуащ1т гущІэгъ у.

КъызжаІэрт ахэм:
«Ей, си лІы хахуэ,
Іэмалыншагъэр
Уи гум тегъахуэ».
...Си лІыгъэншагъэм
Щыхьэт техьуа
Ажалым
Нобэ бий сыхуэхъуащ.



Уищащ сяпэ

Щыэмыгъуэтым уи хущхьуэгъуэ,
Сыкъэгуэзэт.
СщІэми ар зэрымылыгъэр,
Уэ сыноубзат

СынольэІуу «уимыщ сяпэ»,
Усэ зэхэслъхьат,
Сыкъыпхуеджэри, уи напэ
Хужьым Іэ дэслъат.

Ар щымытт гур хэзыгъэщІу,–
Гъащ1эм хуэгъэзат.
КъикІыу стхар къабыл зэрыпщІыр,
Си Іэр къэпкъэзат.

НэкІэ уэ укъыззхъуэхъури,
АдкІэ зыбгъэзат...
УфІэгуэныхьыщэ сыхъ ури,
Уэ тІэкІу къэбгъэзат.

Уэ къэбгъаэзри – Іыхьшыхьу
Илъэс бжьгъэ пхьащ.
ЗыщІэри бгъэвар бэлыхьу,
Сэр нэмыщкІэ, Тхьэрщ.

Сэ къысфІощІ ди унэм
КъыщІихыу псымейр.

4

Зумыгъэхъейуэ уэхэльщ.
Ущымщ уэ, си гур бгъэуэу.
Палатэр кІыфІщ, дамэдаэз
Бжэр сощІыр, сынынкІэльопль.

Уи операцэр хьэтат...
ЖаІэ, тэмэму ухъужу.
Жэщхьумэу сэращ уиІэжьыр –
Сэ кІэлындорым сытетщ.

Щхьэ апхуэдизу ущэху?
«Бэуэжу пІэрэ?» – жьІэоІэ...
Кхъыіэ, къэпсальи: «Псы щыІэ»,–
ЖьІэ, уэзмытым си Іуэхущ!

5

Уэздзкэр къокІуэ...Уеджат
Уэ къыпхуэкІуа уэ шынагъ уэм?
ПщІыхьэпІэу дигу къэмыкІат
Дызыхэхуа гуэзвэгъуэр.

Дынасыпыфі1эу етхъэкІт.
ИтІани деджэгт гуфІэгъуэм.
Мычэму ди къуэм етІуэкІт
Кишэну – хъуну унагъуэ.

Къытхуигъэзакъым и щІыб
Ухыгъэм дэ мызыгъуэгуми.
Укъыдыхьэжри, насып
Къыдэпхьэжащ уэ ди жьэгум.

Нэщхъейуэ укъыззмыпль.
Дэ куэдрэ дызэгъусэнущ.
Иджыри уэ къыппэщІыпІщ
КъуэрылІку уи Іэплім исыну.

6

Мы дунейм ущІытетыну
Си къуэр ирикъунщ.
Ар плъэкІащ уэ къыізэптыну,
Насып защІэ хъун.

Си къуэм уи гур зэрыщІэгъуу,
Сэри сигу пщІэгъунщ.
Ар схуэгъафІэ уэ сыт щыгъуи,
Насып защІэ хъун.

Уэрыншам, дунейм и гуапэ
Куэд сымылъагъунт.
СщхьэщыпХ псор къуитыж Тхьэм псапэу,
Насып защІэ хъун.

Си къуэ закъуэр зыхуей хуэзэм,
Уэрщ хуейр зэхъу зхъун.
Уэ укІуэд уи лажьи уэм,
Насып защІэ хъун.

ЦІыхухъунтІым ди псэхъумэ,
Къытхуумыщ1 гугъэ.
Уи уэрщ мыр, уэрэд хъумэ,
Насып защІэ хъун.

Сэ сфІэмыфІт зэльэн уи напэр,
Уи щхьэц фІыщІэр тхъун...
СынольэІу, уимыщ уэ сяпэ,
Насып защІэ хъун.

Уэ ущебэкъуа си псалъэ
Зэи къэмыхъуат.
Уи къаруу хъуар зэх эплъхьэу
ПхулъэкІар слъэгъуащ.

СыщІытетыр дунейм нобэ
Уэ уи зы уэсятщ:
«Ди къуэ закъуэр умыщІ ибэ,
Ар - уи анэмэтщ.»

«Хъумэ, кхъыІэ, ар...» - щыжьпІэм
Уи псэ нэхур хэкІт...
Уэ упщащ, плъэмыкІыу, сяпэ,
Щхьэгъусэ бэшэч.

Ди къуэ закъуэр сэ си блыгум
Сыпсэхуу щІэтынщ,
СщІыным кІыхь и гъащІэ гъуэгур
Си гъащІэр щІэстынщ.

АдкІэ – Аушыджэрыкхъэм
Зэгъусэу дилынщ,
Удз гъэгъа нытщухьхэр ди къуэм
Ди кхъащхьэм телынщ.

Апхуэдэ къару ди щІалэм
Алыхьым кърит!..
Иджыпсту уэ сынопсальэ,
Къуэм – хузощІ уэсят.

Уи халатыр

Ар зыщІыпІэ къуэльат –
Щыгъынтыжым хэхуакъым.
ЗигъэпщкІуауэ арат? -
Зыми и плІэ ихуакъым.

Тедзэжауэ егу.
ФІэдзэжауэ фІэдзапІэм,
Ар ящІыгъущ иджыпсту
Си щыгъынхэу нэхъ льапІэм.

Щыгъын шкафыр кудащ.
Іусхыху и бжэр, сигу хохьуэ:
Уи халатыр кІыдощ,
Си кІэсymхэм защІхь уэу.

Ар дэльынущ абы,
Си щыгъынхэр злэжьэхукІэ.
Ар дэльынущ абы,
ЗаришэкІыу къэсцэхухэм.

Ар зыщІыпІэ къуэльат –
Щыгъынтыжым хэхуакъым.
ЗигъэпщкІуауэ арат!–
Зыми и плІэ ихуакъым.

КъысфІагъэщІу упсэу,
СиІэщ куэд уи с урэту.
Ауэ уи фэеплъ псом
Я нэхъ льапІэщ халатыр.

Абы уи пкъыр къыпхощ,
КъыкІэрех абы уи мэ,
Уэ ущІэс къысфІегъэщІ
Ди лэгъунэм, жэщ хъуамэ.

Абы ар къегъэнэжу,
Абы сэ сегъэхуабэ...
Зи псэр сэркІэ мыпсэну,
Уэ къощІ нобэ си гуапэ.

Уэ ущебэкъуа си псалъэ
Зэи къэмыхъуат.
Уи къаруу хъуар зэх эплъхьэу
ПхулъэкІар слъэгъуащ.

СыщІытетыр дунейм нобэ
Уэ уи зы уэсятщ:
«Ди къуэ закъуэр умыщІ ибэ,
Ар - уи анэмэтщ.»

«Хъумэ, кхъыІэ, ар...» - щыжьпІэм
Уи псэ нэхур хэкІт...
Уэ упщащ, плъэмыкІыу, сяпэ,
ЩхьэгъусэБ бэшэч.

Ди къуэ закъуэр сэ си блыгум
Сыпсэхуу щІэтынщ,
СщІыным кІыхь и гъащІэ гъуэгур
Си гъащІэр щІэстынщ.

АдкІэ – Аушыджэрыкхъэм
Зэгъусэу дилынщ,
Удз гъэгъа нытщухьхэр ди къуэм
Ди кхъащхьэм телынщ.

Апхуэдэ къару ди щІалэм
Алыхьым кърит!..
Иджыпсту уэ сынопсальэ,
Къуэм – хузощІ уэсят.

Уи халатыр

Ар зыщІыпІэ къуэльат –
Щыгъынтыжым хэхуакъым.
ЗигъэпщкІуауэ арат? -
Зыми и плІэ ихуакъым.

Тедзэжауэ егу.
ФІэдзэжауэ фІэдзапІэм,
Ар ящІыгъущ иджыпсту
Си щыгъынхэу нэхъ льапІэм.

Щыгъын шкафыр кудащ.
Іусхыху и бжэр, сигу хохьуэ:
Уи халатыр кІыдощ,
Си кІэсymхэм защІхь уэу.

Ар дэльынущ абы,
Си щыгъынхэр злэжьэхукІэ.
Ар дэльынущ абы,
ЗаришэкІыу къэсцэхухэм.

Ар зыщІыпІэ къуэльат –
Щыгъынтыжым хэхуакъым.
ЗигъэпщкІуауэ арат!–
Зыми и плІэ ихуакъым.

КъысфІагъэщІу упсэу,
СиІэщ куэд уи с урэту.
Ауэ уи фэеплъ псом
Я нэхъ льапІэщ халатыр.

Абы уи пкъыр къыпхощ,
КъыкІэрех абы уи мэ,
Уэ ущІэс къысфІегъэщІ
Ди лэгъунэм, жэщ хъуамэ.

Абы ар къегъэнэжу,
Абы сэ сегъэхуабэ...
Зи псэр сэркІэ мыпсэну,
Уэ къощІ нобэ си гуапэ.

2003-2008 гъгъ.

Ди республикэм и усакІуэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ Бицу Анатолэ. Ар 1946 гъэм Аушыджэр къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэр кънухри, япэ щІыкІэ КъБКъУ-м щІэ тІысхьащ. ИльэситІ нэхъыбэ дэмыкІыу Москва щыІэ Литературэ институтым ягъакІуэри, и щІэныгъэр щыхигъэхъуащ, и зэчий хъарзынэри тхэным и «щэхум» щыхунуэзщІащ.

Бицу Анатолэ цыху гуапэщ, жьэнахуэщ, Іущщ - апхуэдэщ и творчествэри. УсакІуэм и хъэтІыр, сэ къыззрысфІэщІымкІэ, гурыхь зыщымыхъу щІэджыкІакІуэхэм яхэту къыщІэкІынкъым. Сыт щхьэкІэ? Абы Іупщу икІи дахэу къеІуэтэф и гурыгъу-гурыщІэхэр. ГуфІэгъуэм щытетхыхькІэ, зэгъэпэщынагъэ теЛыдджэхэмкІэ удихьэхыурэ, уи гур еІэт, уи псэр егъэгуфІэ. Гуаэм и гугъу щищІкІэ, «лэчнэщхъейхэр кынгъэсбэпурэ, и гурыгъуэхэр кууэ зыхыуегъащІэ, уи нэпсхэр къригъакІуэу.

Абы газет еджэкэри щыхьэт фытехьуэну къыщІэкІынуц, фи пащхьэ нитІтхьа усыгъэхэр гупсэхуу щІэвджыкІиэ -ахэр къытхащ Бицу Анатолэ «КІуэцІрыкІыбжэ» зыфІища и тхылъыщІэу, мыгувэу дунейм къытехьэнум.

«Адыгэ псалъэ».



* * *

Фадэм, тутыным, бзылъхугъэм
Яхуэзмыгъазэу си гупэ -
Яхуэзмыхьижу си Іупэ
Сыщыхьун пІальэр къоблагъэ.

Къэсэ ар, къыспэплъэр сощІэ -
МащІэу Іэфі, куэду дыдж гъащІэщ.

Сигу пхъэрым, нитІ хъуапсэрилэм
ІэщІыб ящІынщ гугъэ делэр.
Хущхьуэм, хъудырым, хъущІэным
Си Іупэр ягъэгъущІэнкъым.

Зэпытыр фадэм, тутыным
КъахукІуэ! Паркым ситынущ.
ТхъэІух уд Іэджи зблэкІынущ,
СльэмыкІыуи сакІэлыплъынущ,
Ауэ зы къемылъэкІыну...

Си гугъэр Бештом и Іуащхьэт.
Кьандзэгу хуэдизщ зэрыхьужыр.
ИтІани сэ зызлыгъуэжкъым,–
ЗыкІэрызощІэ псом ящхьэм.

Сэ жьыгъэм сыщымышынэ.
Ауэ ажалым семыджэ.
ТхылъымпІэм, ручкэм, нэгъ уджэм
Уакъыуэнэри хъарзынэщ.

Мис ахэм сыкъагъэщІэхъурэ?–
Араш си гъащІэр зэрыхьур!



* * *

«Бицу, Бицу», - жаІэу фІэкІ умыщІэу,
Абы фІэкІи ямышІэу уэрэд,
Гъатхэр хъуамэ, сащІу сэ гумащІэ,
Ди жьыг хадэм кьотІысхьэ бзу куэд.

А бзу лъэпкъыр сэ зыпэсщІ щымыІэ,–
Си пщІыхь Іэфіхэм гу щызагъэхуэж:
Мы дуней сыщымыхьуам цІэрыІуэ,
Си унэцІэр ящыр темыхуэж.

КъызогъэкІ бгъэр, соІэт си щхьэр льагэу,
Зэ хэсхамэ сэ: «Бицу, Бицу».
Зы пщІэ щызимыІэуи си лъахэм?-
Сэ сакьыгуроІуэ кьуалэбзум!

...Зы жьыг закъуэ щыхасэнщ си кхъащхьэм.

«Бицу!» – жаІэу бзур абы тесынщ
Гъэ къэсыхкІэ. Ауэ, ди кхъэм нихьэ у,
Зыри едэІуэнкъым а гугъу ехьхэм.
ЕдэІуэнур, зэфІэгу, си сынщ!

* * *

Сыщегупсыс сэ кьохьу жэщ гуэрхэм:
«КъитІэщІыжынщ зэгуэр зыгуэрым
Мы щІым сэ гъащІэ щызгъэщІар.
КъызикІыхьын щІытхъупсыр уэру?
Е ищІын лъахьшэ и пщІэр сщІам?

Сыхуейкъым тІуми сэ – пэж дыдэрщ
КьысхужаІэну сызыхуейр.
Пэж дыдэр – сщІар зэрымыкуэдырщ,
Мыкуэдми, ар зэрымыІейрщ».

Кьохьу сыщегупсысыж нужьыІэ:
«Сыт мыгъуэ сэ зи Іуэху къесхуэкІыр,
ЩхьэжыжькІэ сыплъэу сехьрэ гугъу?
Мы гъащІэр тетмэ зэрекІуэкІым,
Сын тет уи кхъащхьэм? – зэгъэззгъ!»

* * *

«Іэмыщ1э из ди лъэпкъ литературэр Дуней утыку исхьэн си нурадащ».
Бештокъуэ Хьэбас.

Зы щІалэ цыкІу кьихьэнущ зэ утыкум,
Адыгэ щІалэ кьамылыфэ цыкІу,
И нитІыр лыду, зэІуха и нэгум
Кьрихьыу нур, езыр Іэнкунми тІэкІу.

ЩІидзэнущ кьеджэу макъ жьгъыурукІэ дахэу
И лъахэм хуитха уэ хьэлэмэ т,
Едалъэхэм я щІыфэр игъэтхытыху,
Яхэту кьызыфІэщІи пщІыхьым хэт.

А уэсм кьыхэщынущ дэ ди тхыди,
Ди ноби. Ауэ, - псом ящхьэр пщэдейрщ! -
Абы щІэлъынущ гупсысэ куу дыдэ -
ЩІым цІыхуу тету хьуар зыгъэпІейтей.

А щІалэм и Іущагъым, и Іэзагъым
КъызыгурыІуэм уэсэ - гу лъатэнщ.
Гупсысэ ди адэхэм дэмызэгъэм
Уэгу льагэм псоми я псэр иІэтынщ...

Щиухым щІалэм и уэсэ кьеджэныр,
Мамыру залыр тІэкІурэ щытынщ.
ИтІанэ цІыхухэр кьызэщІэтэджэнщи,-
Іэгуауэр залым куэдрэ щІэтынщ...

Лицейр зэгуэрым Пушкин кьъщиухым
Кьэхуаам мы Іуэхур хьунущ
ешхьырькъэпс.
Хэтынущ а щІалэщІэм едэІуахэм
Державин ещхьу зыльэщІын зи нэпс...

А щІалэ цыкІум лъэпкъыр
хуэхьуэхьуэнущ-
Дунейм зэрыхэІуэнур нэрыльагъущ!..
Апхуэдэ махуэ Тхьэм жиІэм кьэхъунущ.
А махуэр уэри сэри дрельагъу!



* * *

ХьэрэкъуакІэ дыхьэжа щІалэгъуэм
Дэрэжэгъуэ псори зыдихьа?
Сыт щІэзмыльагъужьр сэ гуфІэгъуэ?
Пшагъуэр щхьэ си гъуэгу кьытрихьа?

Нэщхьеягъуэщ кьихьыр жьыгъэ жьыбгъэу
КьыздикІар сымыщІэу кьыкъуэуам.
Тхьэмпэу фІырикъухьурэ и іугъэр,
Жьгыжь дапщэ абы кьигъэуар?!

Кьиплъу уафэм зэ си насып вагъуэу
Слъытам, нэкІэ сыдэмыджэгум:
Бзэ хащ вагъуэр, гукъыдэжым щІыгъуу,
Хъуащ я къуагъ пшэм. Ар кьэзмылъыхъуэж.

СимыІэж щхьэгъусэр. Сядэ-сянэр
Зэрылъ кхъэм ар тхъыри итлъхьэжащ.
Ауэ си кьуэр, усэр – си псэщ, си нэщ,
ЖезмыгъэІэ зыми: «Кьуилъхьэжащ».

Сыщыдыхьэшха сэ макькІэ щІэжкъым,
Е гухэхъуэу си псэр щыгуфІа.
Кьафэ, джэгу жьыхуаІэм и гугъу щІыжкъым...
Хэпльэрей сохьу, фадэбжьэ сефам.

Сыхуеижкъым сэ иджы куэдыщэ,
Хьуапсэрилэу плъэжкъым жьыжьэ гур.
Кьызэт нобэ, пхулъэкІынум, гъащІэ,
Псы кІурушкІэу Іур зымыгъэгъущІэ
Насып кІапэ – гурыфыгъуэ мащІэ,
Сытми, Іупэр щІызэтежьи гуэр!



* * *

Игъащ1эм зыри сыущэхуакъым,
ЖысІащ сэ нахуэу сигу кьэкІар.
«Хьэл мыгъуэ» а кьэзмыщэхуам сэ
И эрран Іэджи кьызэкІащ.

А хьэлыр кьыісхилъхьат си адэм,
Си анэм ар сэ кьысхилъхьат...
«Кьрекі кьикІынумэ си кІуэдыр!»–
ЖысІэу , мыл Іэджи сытекъащ.

«ПэжщІэкъуэху» сыкъызыщхьэщыжэм,
«Нэсамэ и нэм Іуэхур, - садзт»:
Зэбгрыжьжт тхьэкІумэкІыхьун,
Сэ зесхуэу си мыІуэху кьыщІидзт...

ИтІани сэ сытетщ си хьэлым,
Абы кьикІынуми си кІуэд!
«ФЛъэкІнум тІэкІу сщхьэщыфх си хьэлъэр»,–
ЖызыІэу дунейм тетыр куэдщ.

ЦІыху захуэ гуэр хьэІупс ящІакъэ?–
Сэ Іуэху сиІэнкъым афІэкІа.
ИгъащІэм пэжыр схуэбзыщІакъым,–
Кьэхъуащ си псальи щыпхыкІа...

Мы дуней бзаджэм зы цІыхупсэ
Си кьезгъэльнырщ сыщІэпсэур.
Си усэ тІэкІури сэщхьырькъабзэщ...
Яхурещхьапэ кьахуей псом.

Сонет

«Суровый Данте не презирал сонета».
Пушкин А.С.

Сонетым зэи сэ сыдихьэхакъым.
«Ибгуэныр» уи гупсысэр кьупхъэм гугъущ.
ИтІани усэ зытххэм уахьыкъэхэ,–
СонеткІи мэхъу бгъэльагъуэ уи Іэзагъ.

Шекспир, Петраркэ, Данте хьуа кьафІэщІу,
Сонетым нобэ щыІэщ иридж эту.
Уэ зы «Евгений Онегин» кьэгъэщІи,
Сонетыр кьыпхудэшэм епльэ ун жьэгу.

Уэрфіым кьегъ уэтыж езым и кьупхъэр.
СылъэщІэмыхьэу си гупсысэр щІэпхъуэм,–
Кьыжьэдэскъуэну сэ ар сыхуэмей.

Сэ кьыпысхыну сызыхуейр Іэзагъэм -
Стхар цыхум и псэм дыхьэу и гур загъэмщ,
И гъэр «Іэзагъэм» сремыхьу кьудей.

Сурэт хэр Пащты Герман *ищІащ.*

* * *

Зыплъыхьыт, шынэхьыщІэ,
Уи нэр жанщ,
КІуэдыжьркъэ адыгэхэр,
Аратп...
Цыхухьуэр
ПщІантІэхъумэу кьэнэжащ,
Цыхубзхэр щыІэщ «зекІуэ»–
Эмиратхэм.

Гупсысэт, шынэхьыщІэ,
Уи щхьэр нэхущ.
Адыгэм Іуэху иІэжкъым,
Мылыку нэмыщІкІэ.
Нэмыс абы хуищыжкъым
ЛІыжь жьакІэху,
ЩІэгъужкъым абы нобэ игу
ТхъэмыщкІэм.

Кьыхэ хьт, шынэхьыщІэ,
ПльагъУм герс.
Адыгэр теувэжкъым
ЩІакІуэ кІапэ,–
ИІыгъыу автоматыр,
Ису «Мерс»
Ар макІуэри еукІ
Зыхуэзгуэпыр...

Къэгубжьыт, шынэхъыщІэ,
Мы кьэхъуар
Дядэжьхэм
Кьыхэхуакъым я пщІыхьэпІэ!
Зи щІыхьыр нэхъри пІэтын

Уи гугъа
Уи лъэпкъыр уэ
Ихуакъэ укІытапІэ!

Сыт пщІэнур, шынэхъыщІэ,
ЩІалэ ткІий?
Нэхьыжьхэм
ЩІалэгъуалэр кьытфІэлІыкІкъым.
Адыгэ напэу
Дадзэжар кьуэжкІийм
Кьыдэтхыжьын –
Дымащ1эщ – тхуэзфІэжкІкъым.

Уи лІыгъэр, шынэхьыщІэ,
Сыгъэлъагъу.
Уи псалъэр жанщ,
Уэ пу льэкІынущ Іэджэ.
Уи щІэблэгъу Іущх эр
Кьэщіи акьылэгъу,
ЗыкьнщІэжьыным
Адыгэр кьыхуеВджэ.

Къезыгъэлыну щыІэр
Ем дунейр
Дахагъэрамэ–
И гъэрщ абы уи псэр.

Яхэпщэ ар
Сабий кьыдэкІуэтейм,
Кьызыгурыуэу хьуам
Дахагъэм и бзэр.

Мы щІым щызекІуэр Іэщ1у
Зым щымыщ,
Псалъэ шэрыуэм, Іущым
Ельытауэ.
Гупсысэр уэ
Шабзэкьум хуэдэу шэщІ,
УтІипщ уи псалъэр
Шабзэшэ льэтауэ.

Шабзэшэхэр
Трехуэ зэбгъэпщам,
Иращ уІэгъэ
Я гур – я тІасхьапІэр...
Уэ, шынэхьыщІэ,
ЩІэ сэ схуэмыщІар –
Адыгэу зы псэ
Нумыгъэс щыхупІэм!

КІуэцІрыкІыбжэ

Дэнэкіи хуейр кьыщыдыхьэу,
Дэнэкіи хуейр щыдэкІыжу,
Іумыт нэхьеІ куэбжи бжьхьи,
Си пщІантІэр - кІуэцІрыкІыбжэщ...

КьызэмыупщІу сэ зыкІи,
Кьыдыхьэу гуауи гуфІэгъуи,
Ар зэІухащи сыт щыгъуи,
Мы сигури – кІуэцІрыкІыбжэщ...

КІуэцІрыкІыбжэр сфІэІейкъым –
Кьысхуокіуэ хьэщІэу хэт хуейми.
Ауэ кьызет зы гукъеуэ –
СеукІыр сэ жьыізэпеуэм.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Щэнхабзэм и тхыдэр умышIэу хабзэ пхузехьэнукъым

◎Ныбжьэгъу зи куэдым ныбжьэгъу нIэкъым.

АРИСТОТЕЛЬ, *алыдж философ.*

◎ЕхъулIэныгъэ зиIэр жьыуэ къэтэджрауэ жаI. Пэжкъым: ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэфыр дэрэжэгъуэ зиIэу къэуцыфыр.

АШАР Марсель, *франджы драматург.*

◎Щэнхабзэм и тхыдэр умышIэу хабзэ пхузехьэнукъым.

ГОРЬКИЙ Максим, *урыс тхакIуэ.*

◎ГъащIэр телъыджжьым икIи гуфIэгъуэ махуэшхуэжьым, гъащIэр Iуэху гугъущ.

САНТАЯНЭ Джордж, *америкэ философ.*

ДЫЩЭ макъкIэ, амкIыщкIэ (соловей), дыщэ орфейкIэ еджэрт а уэрэджыIакIуэ тельыджащэм. АмкIыщым нэхъ дахэу уэрэд къизыш яхэткъым къуалэбзухэм. «Орфей» жиIэмэ, пасэрей альджхэм цIыхуэм я мыгакъуэу къэкIыгъэхэри, хьэкIэкхъуэкIэхэри, бгыхэри, псы ежхэхэри къэзыгъэуш уэрэд къикIыу аращ. Апхуэдэ псалъэхэр къэзылэжьар, пэж дыдэу, макъ гуакIуащэ иIэу сценэм дахащэу ита цIыху телыджэ Магомаев Муслимщ. Ар азербайджан уэрэджыIакIуэу къальытэ. Пэжщ, и адэ Магомети и адэшхуэ Муслими азербайджанщ. Ауэ и анэ Айшэт адыгэщ.

Муслим и адэ Магомет и Iэщ1ащ1экIэ музыканту щыттэкъым, ауэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм макъамэ щхьэхуэхэр дахэу къригъэкIыфырт, езыми мыйеIуэ у уэрэд жиIэрт. Ар нэхъыбэу дзэхьэхыр суртэт щыныРт. Псом хуэмыдэу сценэр игъэщIэрэщIэн фIэфIти, Баку дзт драмэ театрым суртэщIу ирагъэблагъэт. 1940 гъэм ар Мейкъуапэ дэт драмэ театрым суртэщIу щылэжьэну ирагъэблагъэ. Щлалэ фызкъэмыщIэрэ адыгэ пщащэ Айшэтрэ зогуакIуэ. 1941 гъэм а тIур щхьэгъусэ зэхуохьу, ауэ а гъэ дыдэм Хэку зауэшхуэр къохьел. КъыкIэлъыкIуэ гъэм и пэхэм Магомет дзэм ираджащ икIи Хэкум и хьуматкIуэхэм я сатырым хэуваущ. 1942 гъэм шыщхьIым и 17-м Айшэт щIалэ цIыкIу къилъхуащ икIи Азербайджаным щыщIэрыIуэ композитор, дирижер, режиссер цIэрыIуэ и адэшхуэ Магомаев Муслим и цIэр фIащащ.

Магомаев Магомет дзэм щраджар Мейкъуапэщ. Абы щыгъуэ Айшэт студентк1эт, Адыгей пединститутым щеджэу. Нэхъ иужькIэ зэратхыжамкIэ, Айшэт и щхьэгъусэ Магомет ильэс нэхъ дэмыкIыу зауэм хэкIуэдащ, езым еджэныр хьIфIидзэн идакъым. Щалэ цIыкIур и Iыхьлыхэм Баку яхьажащ. Адэжь Муслим и анэ Айшэт и хьыбар зыщIипIи къыщIыхэщIыжыркъым. Араущ, Муслим и анэр ищIэжьыхэртэкъым, и адэри зеи ильэгъуатэкъым. Езыр Баку къыщIыхьуами, къыщалъхуар Мейкъуапэщ.

Муслим (нэхъыщIэрщ зи гугъу тщIыр) фIыуэ еджэрт, ерэзд жьыIэным хуэбжьу дихьэхырт, егъэлеяуэ макъ дахашэ, баритон жьыхуэIэм хуэдэ, иIэт. Абы япэ щыкIэ музыкэ училищэр къеух. ИтIанэ консерваторием щIотIыскхьэ, абы нужькIэ Италием щыIэ Ла Скала театр цIэрыIуэм и щIэныгъэм нэхьри щыхитэхьэну, зыщигъэсэну ягъакIуэ. Макъ гуакIуащэ, Iэпкъльэпкъ зэкIужь зиIэ щIалэр абы къагъэнэну къольэIу. Ар апхуэдэу ирагъэблагъэ Париж щыIэ «Олимпие» театрыщхуэмэ. КъыкIэлъыкIуэу Муслим йольэIу Москва дэт Театр Инри. Ауэ щIалэщIэм къыщыхъуэ, щеджа Баку щыпэжьэжьмэ, нэхъ къещтэ.

Магомаевыр 1962 гъэм къыщыщIэдзауэ 1975 гъэм нэсыху Азербайджаным Ахундовым и цIэкIэ щыIэ оперэмрэ балетымкIэ театрым и уэрэджыIакIуэ пажэу щытащ. ИтIанэ ар jэкьыщ Азербайджаным и эстрадно-симфоническэ оркестрым и унафэщIу. 1979 гъэм Муслим Москва Iэпхъыщ, ауэ мыбы и Iуэху фIыуэ къыщикIауэ пхужьыIэнукъым. Пэжщ, Магомаевыр фIы дыдэу ильагъурт Азербайджаным и унафэщIу ильэс куэдкIэ щыта Алиев Гейдар. Брежнев Леониди хуабжьу фIэфIт Магомаевым игъэзащIэ уэрэдхэр. 1973 гъэм Магомаев Муслим СССР-м и цIыхубэ артист цIэр зэрыфIащар а тIум я фIыщIэщ. СССР-ми, Азербайджанми, Урысей Федерацэми щIа фIыщIэми, къыпхъэлъэгъуэ зэфIэкIми, дунейпсо утыкум икъукIэ цIэрыIуэу зэритами яхуэфэщэн пщIэ а уэрэджыIакIуэм игъэтыжакъым. Абы хуагъэфэщакъым Азербайджанми Урысей Федерацэми я сыт хуэдэ щIэ льапIи, кьэрал саугъэтэ. Занщ1эу жьытIэнщи, езы Магомаевми властыр фIыщIэу ильагъуртэкъым.

Муслим и унагъуэ гъащIэри тэмэму екIуэкIауэ пхужьIэнукъым. Я щхьэгъусэр ильэс 18 фIэкIа мыхъуауэ кьишащ. Ильэс дэкIри, Офелиерэ абыр зы хьыджэбэ щIыкIу зэдагъуэтащ, ауэ куэдрэ зэдэмыпсэууэ а тIур зэбгъэдэкIыжащ. ЕтIуанэ фызыр Муслим 1972 гъэм кьишащ. ЩыIэгъуэр хуэхъуа Синявская Тамарэ Москва Театр иным щылажьрт. Нэхъ иужькIэ абыи СССР-м и цIыхубэ артисткэ цIэр фIащащ. Магомаевымрэ и япэ фызымрэ зэдагъуэта Маринэ мы зэманым США-м щопсэу, щхьэгъусэ, бын иIэщ. И щIалэ цIыкIум и адэм и цIэр фIищыжащ.

Магомаев Муслим дунейм зэрехьжрэ куэд щIакъым, пщIэшхуэ хуащIу Баку щыщIалхьащ. Абы нужь дыдэу Iуплъэжахэм ящыщI Азербайджаным и президент Алиев Илхьам, щэнхабзэм, гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, кьиззэрыгуэкI цIыху мин бжыгъэхэр.

НУРЫБЭ Хьэлий.



● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Концертыр нухащ. Дирижёр Темыркан Юрэ оркестрым едIуэхэм фIыщIэ яхуеш.

США, Балтимор. 1999 гъэ

● Псалъэжьхэр

ПщIэр къарукIэ къахьыркъым

●Щыэныгъэ зыхэтыр нэхъыбэрэ мэпсэу.

Абхаз.

●Куэд къэзыгъэщIа нэхърэ - куэд зыгъэгъуа.

Адыгей.

●Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэр быдапIэ пъэщщ.

Ингуш.

●ПщIэр къарукIэ къахьыркъым.

Нэгъуей.

●УлъэIуэным емыкIу хэтлъкъым, къэбдыгъунырщ емыкIур.

Балъкъэр.

●Къарууфэм Iэщэри щошынэ.

Къэрэшей.

●ЩIэныгъэлI хуэуныр тынщщ, цIыхуу ущытынырщ гугъур.

Къумыкъу.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Щэрджэсми щIыхь зиIэ я артист, Пуччини и цIэкIэ Милан (Италие) щекIуэкIа эпуэм и дипломант хьуа уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ. **6**. Адыгэ таурыхъ. **10**. Iэпхъуэщапхъуэу псэу лъэпкъ. **12**. Iуг1ыж Борис и «Шамхун и фызышIэ» пьесэм хэт цIыхубз. **13** . Кавказ щIыбым щыпсэу лъэпкъ. **14** Адыгэщ кьабзэ. **15**. Щэджэм куейм хиубыдэ кьуажэ. **18** . Пщыхьэщхьэ щыхъуэ я нэгу зрагъэужьын, зыгуэр ягъэлъэпIэн мурадкIэ кьыззрагъэпэщ зэхьыхь. **22**. Адыгэ суртущIэ щIэрыIуэ. **23**. 1911 гъэм Тыркум ЩагъуэНурий я пашэу адыгэбзэкIэ кьыщыдагъкIа газет. **25**. Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, публицист, критик щIэрыIуэ. **27** . Адыгэхэм гуагуэн, шыуан хуэдэхэр кьызыхащIыкIыу щыта гъущIыкIэ. **28** . Даур Аслъэнрэ Шинкубэ Бгъэратрэ я уэрэд. **29**. Джатэм и лъэпкъ Iэщ1э. **32**. Кьыщокьуэ Алим и поэмэ. **33**. Дзахь1э зыIут, щхьэ зэражь Кьэбэрдей уд гъэгъа. **20**. Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ, унафэщI. **39** . ШкIэ зыщIагъэт псэуалъэ. **40**. Андемыркъан и адэ. **43**. ЗэрыжаIэмкIэ, псэууэ жиIэным яфIэкIуа щIыхь угъурлы. **46**. Нашыкъ щыIэ синаторэ. **43** Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгэ Республикэми, Къэрэшей-Щэрджэсми щIыхь зиIэ я журналист, тхакIуэ. **48**. Хьщ1эр зей, зэрыхьа унагъуэ, хэгъэрей. **49**. Хабзэр, хьэл-щIэныр щIыхубэм и дуней тепыкIэм и щапхъэу зэрыщытыр зыдж философие. **50**. Щу зауэ1I.

Къехьу: **2.** Адыгэ драматург щIрыIуэ. **3**. Акъсыр Залымхан и «Къызбруи» пьесэм хэт хьыджэбз. **4**. Ацкъан Руслан и новеллэ. **5** . Социалист Лэжьигъэм и Лыхъужь адыгэ щIыхубз. **7**. Гъатхэм дахэу гъагъэ, ныкы быдэ зиIэ жыг. **8**. ХьэгъуэлIыгъуэм щащ Iыхьэ. **9**. Лэжьапщ1э. **11**. Нэхьыжкъэм «...махуэ хуэ», - жаIэу зэрыхуэупсэ. **16**. Мэжаджэм нэгъуэщIу зэреджэ. **17** Iэпкъльэпкъ дахэ, зэкIэльыкIуэ, зэкIуэ жиIэ щIыхь. **19**. Гъатхэм пасэу, уэс тепъ щIыкIэ кьыхэжI уд гъэгъа. **20**. Кьэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ, япэу Мадинэ и ролыр «Мадинэ» оперэм щызыгъэззщIа уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ. **21**. Уэрэдыс, артист, усакIуэ щIрыIуэ зыбжанэ ящIыгъуу. **22**. Адыгэ щIэныгъэм хуэдэ, иIэт. Абы япэ щыкIэ музыкэ училищэр къеух. ИтIанэ консерваториемкIэ щIотIыскхьэ, абы нужькIэ Италием щыIэ Ла Скала театр цIэрыIуэм и щIэныгъэм нэхьри щыхитэхьэну, зыщигъэсэну ягъакIуэ. Макъ гуакIуащэ, Iэпкъльэпкъ зэкIужь зиIэ щIалэр абы кьагъэнэну къольэIу. Ар апхуэдэу ирагъэблагъэ Париж щыIэ «Олимпие» театрыщхуэмэ. КъыкIэлъыкIуэу Муслим йольэIу Москва дэт Театр Инри. Ауэ щIалэщIэм кьыщыхъуэ, щеджа Баку щыпэжьэжьмэ, нэхъ къещтэ.

Магомаевыр 1962 гъэм кьыщыщIэдзауэ 1975 гъэм нэсыху Азербайджаным Ахундовым и цIэкIэ щыIэ оперэмрэ балетымкIэ театрым и уэрэджыIакIуэ пажэу щытащ. ИтIанэ ар jэкьыщ Азербайджаным и эстрадно-симфоническэ оркестрым и унафэщIу. 1979 гъэм Муслим Москва Iэпхъыщ, ауэ мыбы и Iуэху фIыуэ кьыщикIауэ пхужьыIэнукъым. Пэжщ, Магомаевыр фIы дыдэу ильагъурт Азербайджаным и унафэщIу ильэс куэдкIэ щыта Алиев Гейдар. Брежнев Леониди хуабжьу фIэфIт Магомаевым игъэзащIэ уэрэдхэр. 1973 гъэм Магомаев Муслим СССР-м и цIыхубэ артист цIэр зэрыфIащар а тIум я фIыщIэщ. СССР-ми, Азербайджанми, Урысей Федерацэми щIа фIыщIэми, къыпхъэлъэгъуэ зэфIэкIми, дунейпсо утыкум икъукIэ цIэрыIуэу зэритами яхуэфэщэн пщIэ а уэрэджыIакIуэм игъэтыжакъым. Абы хуагъэфэщакъым Азербайджанми Урысей Федерацэми я сыт хуэдэ щIэ льапIи, кьэрал саугъэтэ. Занщ1эу жьытIэнщи, езы Магомаевми властыр фIыщIэу ильагъуртэкъым.

Муслим и унагъуэ гъащIэри тэмэму екIуэкIауэ пхужьIэнукъым. Я щхьэгъусэр ильэс 18 фIэкIа мыхъуауэ кьишащ. Ильэс дэкIри, Офелиерэ абыр зы хьыджэбэ щIыкIу зэдагъуэтащ, ауэ куэдрэ зэдэмыпсэууэ а тIур зэбгъэдэкIыжащ. ЕтIуанэ фызыр Муслим 1972 гъэм кьишащ. ЩыIэгъуэр хуэхъуа Синявская Тамарэ Москва Театр иным щылажьрт. Нэхъ иужькIэ абыи СССР-м и цIыхубэ артисткэ цIэр фIащащ. Магомаевымрэ и япэ фызымрэ зэдагъуэта Маринэ мы зэманым США-м щопсэу, щхьэгъусэ, бын иIэщ. И щIалэ цIыкIум и адэм и цIэр фIищыжащ.

Магомаев Муслим дунейм зэрехьжрэ куэд щIакъым, пщIэшхуэ хуащIу Баку щыщIалхьащ. Абы нужь дыдэу Iуплъэжахэм ящыщI Азербайджаным и президент Алиев Илхьам, щэнхабзэм, гъуазджэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, кьиззэрыгуэкI цIыху мин бжыгъэхэр.

НУРЫБЭ Хьэлий.

● ФщIэуэ пIэрэ?

ЩIыIухэр

Цыхум и нэ хьыбэр Iэнжьу зэрыщытым кьыхэкIкIэ, абыхэм я дежкIэ нэхъ тынщщ щIыIур - ижьымкIэ, щIыIуныр сэмэгумкIэ щIыIэмэ. Аращ цIыхухэу щыгъынымэ и щIыIур ижьымкIэ щIыщщIэри.

Япэ дыдэу щIыIу зэрыт щIыгъын кьыщежьам ар къэзыщэ хуфыр унагъуэ бей кьыхэкIаэрат. Жагъуэ хуэкьулейхэм я щIыхубзыр, зэрыхабзэти, унэIут хьыджэбзхэм яхуапэрт. Гуащэр и гупэм кьиту щихуапэкIэ, щIыIур сэмэгурабгъумкIэ щIыIэмэ, унэIутым нэхъ хуэIэрыхуэу ипхэрт. Абы кьыдежьащ щIыхубзым и щIыIур сэмэгумкIэ ирадэныр.

Дыхумэ

Цыху гъащIэм кьыгуэхьпIэ имыIэу епхащ мэ гуакIуэр. Гуапагъэр, хуабагъэр, щабагъэр зищIысыр псалъэкIэ нэсу кьыззрумыIуэтэфынум хуэдэу, мыбы и щытыкIэри тхьытэкIэ кьыпхуэзгъэпэсагъуэмкъым. Ауэ ахэр зэхэбгъэкIыфу зебгъэсэфынущ. Ар гугъущ икIи тыншщ. Ильэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэжкIыжмэ, ижь-ижьыж зэманым и цивилизацэм кьагъэсэбэпу щытащ мэ гуакIуэ зиIэ псы зэхэщIахэр, хьэпшыпхэр. АбыхэмкIэ тхьэкъмрэ жинхэмрэ запыщIэфу кьиныытэрт диным.

Нужьи Iэ ахэр цIыхум и бейгыр, лъэщагъыр кьызэрагъытэ щщагъэ хьуащ. Лъэпкъ куэдым мэ гуакIуэхэр лъагъуныгъэм и Iэмалхэм ящыщу, узэгуакIуэр кьридэпхьэхыфу, цIыхум и псэр ирибгъэкъэбзэфу, жьын фIыщIэхэр ирибгъэщтэфу кьаатыытэрт. ЕпщIыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм щыIащ дыхур жин хуэIухуэщIэхэм епхауэ, зэранигъэ кьихьу, гъэкIуэдын хуеину я къэзылтыытэхэри.

Нобэ парфомериер цIыхум гъащIэм зэрызыщигъэнаIуэ Iэмалхэм ящыщ зыщ. ФIыгъагъуныгъэми гъагъумыхъуныгъэми я лъэныкъуэкIэ, дыхум зэхэщIыкI куу кьиргъэушынкIэ хъунущ.

Дыхуэхэр нэхъ мащIэ дыдэу кьэзыгъэсэбэпу кьалъытэр япон цIыхубзхэрщ. Апхуэдэу щIыщытыр европей, американ щIалэхэм нэхърэ япон цIыхухэхэм мэр нэхъ кьаэзрыщIихьэращ. Абыхэм зы мыхьэнншэри кьалуроуэ нихи ягу щримыхь куэдрэ кьооху. Абы кьыхэкIыни, дыхумэм нэхърэ цIыхум кьыкIэрих мэр нэхъ гуакIуэу кьыщалытэ Японием.

ХЬэЩЭ МуIэд. *Зенкъуэ къуажэ.*

Сыт хуэдэу щытыну фыхуейт фи щхьэныр? ШэчхэмыIу, ар фи нэгу кьыщIывогъохьэ Iуву, щIуу, уIыщIыу, дапэ щIыным хуэдэу. Ар нахуанIэу кьыфхуIэкIыщуп мы Iэмалхэр кьэвгъэсэбэнмэ.

■ Щхьэщыр щхьэф кьудейм къыщымынэу, IэпапIэ-IэпапIэу щикI щыIэщ. Ар къыззтегъуэвыIэнымкIэ сэбэп хуэнущ щхьэщыр здикI щIыпIэм дежи яп1э махуэм бжьыпIпс, етIуанэ махуэм йод щыпхуэурэ зы сыхьэт хуэдизкIэ кIэрыбгъэлърэ, пхущIыжмэ. Апхуэдэу тхьэмахуэкIэ щIын хуейщ.

■ ФIыуэ уба бжьныхуэмрэ тхъуцIынэмрэ зэхуэдизу зэхэплъхьэрэ уи щхьэфэм щыпхуэмэ, щхьэщыр кьригъэкIынукъым икIи щIу дасэу щытынущ.

■ Псы литрищым шыпсыранэ лъабжьэу (щIыкIу-щIыкIуу зэпыупщIауэ) зы стэчанышхуэ хыбокIуэтэри, кьыбофгавэ. Мыр уи щхьэр пхущIа нэужь щIыбогъэжьыж.

■ Пхъэхуейм (береза) и тхьэмпэхэр кьызыщIэвыкIа псыр щхьэфэм щIбгъэжьну сэбэпщ.

● Зывгъэдахэ

Щхьэц вгъэкIынумэ

■ Шэжьпс фи щхьэцым щIэвгъэжми, Iув дахэ пщIынущ.

■ Бжьыныхупс, алоепс, фо бжэмышх зырыз, зы джэдыкIэ кугъуэ зэхэлъу дакъикъэ тIощIкIэ щхьэфэм кIэрывогъэлъри, фохущIыж. Щхьэцыр псынщIэу кьеГъэкI. Апхуэдэу тхьэмахуэм зэ е тIэу фщIы.

■ Щхьэцым зэран хуохьу иджырей щхьэщылэхэри. Абыхэм я пIкIэ кьзвгъэсэбэп пкъынэр (хиа). Абы щхьэнышр ириIэ кьудей мыхъуу икIи сэбэп хуохьу.

■ Пщэдджьжьми пщыхьэщхьэми щхьэщыр мажьэ щабжькIэ дэвжьейм-кьевжьыхьжьрэ щхьэфэм щIэт лъыр зевгъакIуэ. Мыр щхьэ зэми и хущхъуэщ.

ТАБЫЩ Динар.

● Гушыlэхэр

Дыщэ кIанэ

ХимиемкIэ дерс йокIуэкI. ЕгъэджакIуэм сабийхэр щеГъэгъуазэ гъущIхэкIхэм я зэхэлъыкIэм.

- Дауэ фепльрэ, мы дыщэ кIанэр кислотам хэслъхьэмэ, зыри къыщымыщIыну пIэрэ?

- Къыщыщ1ынукъым, - зэуэ жэуап кьат еджакIуэхэм.

- Сыт щхьэкIэ?

- Абы зыгуэр къыщыщIыну щытамэ, хэпльхьэнутэкъым, - ет жэуап Алихьан.

Дзыхь къысхуэпщIыркъым

- Зыри дзыхь къыщысхуумыщIкIэ, сыIукIынущ, сыхуейкъым апхуэдэу уи деж сыщылэжьэну, - унэр зыщIэзыкъуэ бзылъхугъэм унэгуащэм зыхуегъазэ.

- Ар дауэ? Дзыхь пхуэзымыщIу щытамэ, си дыщэхэкIхэр зыдэлъ пхъуантэ щIыкIум и IункIыбзэр уэстрэт?

- Къызэпта щхьэкIэ, ар абы хуэкIуэрэкъым.

● ПщIыхьэпIэхэм къарыкIыр

ЩIакхъуэкIэ зыгуэрым удэгуашэмэ...

❖Сабийр гъыуэ плъагъумэ, усымэджэну, е уи жагъуэ хъун гуэр зэхэпхыну аращ.

❖Гуфlэгъуэр зи нэгу имыкI сабий кьабзэ щыкIу плъагъумэ, ныбжьэгъуфI куэд бгъуэтынущ, ехъулIэныгъэ уиIэнущ.

❖Щыхубзым гущэр е сабий гъуэлъыпIэр щIигъэхьаеу илъагъумэ, псом нэхърэ нэхъ дзыхь зыхуищIын къигъэпщIэнущ.

❖ Сабийхэм уадэджэгуу плъагъумэ, уи Iуэхур дэкIынущ.

❖ ЩакхъуэкIэ зыгуэрым удэгуашэмэ, шхын ущымыщIэу уи гъащIэр пхынущ.

❖Щакхъуэ гъэгъуэ плъагъумэ, гугъуэхь гуэркэр къыппэщIылъу аращ.

❖ Тхъуэплъ хьужьауэ щIакхъуэ гъэжьагъащIэ плъагъумэ, уи унагъуэм насып къихьэну аращ.

❖ Унэгуащэм и хьэкущхьэр плъыжьу къэплъауэ ильагъумэ, унэм исхэри и ныбжьэгъухэри кьыхуэарэзыщ, абыхэм фIыуэ къаплъагъу.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар

ПЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыдэзэгъазэм и 10-рщ.

● Щы

Щ

❖Сабийр гъыуэ плъагъумэ, усымэджэну, е уи жагъуэ хъун гуэр зэхэпхыну аращ.

❖Гуфlэгъуэр зи нэгу имыкI сабий кьабзэ щыкIу плъагъумэ, ныбжьэгъуфI куэд бгъуэтынущ, ехъулIэныгъэ уиIэнущ.

❖Щыхубзым гущэр е сабий гъуэлъыпIэр щIигъэхьаеу илъагъумэ, псом нэхърэ нэхъ дзыхь зыхуищIын къигъэпщIэнущ.

❖ Сабийхэм уадэджэгуу плъагъумэ, уи Iуэхур дэкIынущ.

❖ ЩакхъуэкIэ зыгуэрым удэгуашэмэ, шхын ущымыщIэу уи гъащIэр пхынущ.

❖Щакхъуэ гъэгъуэ плъагъумэ, гугъуэхь гуэркэр къыппэщIылъу аращ.

❖ Тхъуэплъ хьужьауэ щIакхъуэ гъэжьагъащIэ плъагъумэ, уи унагъуэм насып къихьэну аращ.

❖ Унэгуащэм и хьэкущхьэр плъыжьу къэплъауэ ильагъумэ, унэм исхэри и ныбжьэгъухэри кьыхуэарэзыщ, абыхэм фIыуэ къаплъагъу.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар

ПЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыдэзэгъазэм и 10-рщ.

Адыгэ драмэ театрым фрегъэблагъэ

● Гу зылъытапхъэ

Дыгъэгъазэм и 9-м:
Къаныкъуэ Заринэ. **«Нагъуэ и унагъуэр»** *(драмэ).*

Дыгъэгъазэм и 11-м:
Абу-Бакар Ахьмэтхъан. **«Алмэстыхэр»** *(гушыIэ).*

Дыгъэгъазэм и 16-м:
Куни Рей. **«Цыхухъур, цыхубзыр, хьэдэ мыцIыхур»** *(гушыIэ).* **УФ-м щIыхь зиIэ и артист Балъкъэз Валерэ и ныбжьыр илъэс 60 зэрырикъум ирихьэлIэу.**

Дыгъэгъазэм и 18-м:
Несин Азиз. **«СыкI ныдж, дунейнжу»** *(гушыIэ).*

Дыгъэгъазэм и 23-м:
Думэн Мурадин. **«Уэлий и парашют»** *(гушыIэ).*

Дыгъэгъазэм и 27, 28, 29, 30-хэм:
Сабийхэм папщIэ илъэсыщIэ псей.
Зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэр махуэм тIэу екIуэкIынущ, сыхьэ т 11-мрэ 13-мрэ щIидзэу.

Спектаклхэр щекIуэкIкIэ ахэр урысыбзэкIэ зэрадзэкI.

Театрым и хуэ жестеннэ унафэщIыр Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Щыбзыхъуэ Басирщ.**

ЩыщIидзэр сыхьэт 18-рщ.

Упщ1э зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-33-87**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖъэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Муэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИХЭЩIАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатэхр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхуэщ1апIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмоэмкIэ - 42-22-88; егъэджэнигъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIаныгъэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхуэщ1апIэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтеохуэ **зэпыту щытекIым.**

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-89.

Газетыр щIыныжкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ягъуаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

КъБР-м ЩIэныгъэмрэ хьыбарегъашIэ ГънатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ныбжьэ Таисэ, корректорэу Щоджэн Инир *(1,2-нэ нап.),* Табыщ Динар *(3,4-нэ нап.),* корректорхэм я лэпыкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* Мэлбахьэу Анжелэ, ЩакIуэ Мадинэ, Ныр Саидэ, *суэттыщI* Бишу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатгэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.010● Заказ №4019